


KUGADZWA ²

 Ini... ndangoti nonokei zvishoma. Ndanga ndiine mumwe munhu anga achirwisa kwazvo, achiita zvekutorwisa kwazvo, saka ndatozongoenda panguva iyoyo, nokuti vanga vari pakaipa kwazvo, zvakanyanya. Uye vatyaira nzira yose kubva kuMichigan, mukuru wemapurisa anga andifonera, nezvakadaro, kuti vanga vari pakaipa kwazvo, zvakanyanya. Zvino, asi achazoita zvanaka; zvese—zvese zvakamira zvakana, saka zvakana. Kana Ishe achinge apindira, zvinhu zvose zvinozova pasi pekudzikamiswa ipapo, handizvo here? Oo, iYe—iYe akanaka chaizvo; kufunga pamusoro pekunaka kwaKe netsitsi dzaKe, pamusoro pezvaAnoreva kwatiri, uye kuti rumbidzo dzaKe dzakakosha zvakadini.

Zvakana, takaedza kutanga, tichitaura kuti taizatora zvitsauko zvitatu zvekutanga zveBhuku raVaEfeso. Zvino ndinofunga kuti takatora mazwi matatu ekutanga, kana *zvimwe zvinhu* zvitatu zvekutanga ipapo. Hatina kure zvakanyanya kwatakasvika, asi zvichida husiku huno tinogona kuti pfuurirei mberi zvishoma. Zvino, ndinoda kutaura kuti handisi mudzidzi weBhaibheri, nekure chaizvo, nekure chaizvo pakuva mudzidzi webhaibheri, asi ndi—ndinoda Ishe, uye ndinoda kuMushumira... [Imwe hama inotaura kuna Hama Branham—Mupepeti]

Mumwe munhu, anga achingoda betsero zvechimbichimbi, ati, tisati taenderera mberi zvino, mumwe musikana mudiki ari muchipatara muLouisville, zvino vanamazvikokota vese vakundikana kumubatsira, ari kufa iye zvino, saka vari kukumbira munamato pamwana uyu. SeMakristu, mungava wedu kuti tikotamise misoro yedu, iko zvino, kuti tinamate.

Ishe vedu vane nyasha, hausi mungava wedu chete, asi mukana wedu wakanaka, uye chishuwo chedu—chedu kuti tikotamise misoro yedu husiku huno sechechi, seboka reavo vakadanirwa kunze, vanhu vanotenda vari pano husiku huno, kudzidzisa Shoko reNyu, richitiisa muzvimbo dzedu muMutumbi, umo matiine unhengo, uye umo matinokwanisa kushanda takabatana pamwe chete senhengo dzeMutumbi waKristu.

² Uye zvino tiri kudansirwa kuti tiende izvozvi kuna Mwari. Uye mumwe nemumwe wedu vanababa tinofunga kuti, ko dai uyu anga ari musikana wedu mudiki, kuti mwoyo yedu ingadai iri kutsva nekurwadziwa zvakadini mukati medu, uye taizozivisa kumachechi kuti vaite munamato pakare ipapo. Zvino mwoyo wevamwe baba uri kutsva, nekurwadziwa. Ishe, dai Munhu mukuru uya weMweya Mutsvene auya iko zvino

kumwoyo wababa ivavo. Bvisai mumvuri wese wekupokana, uye nekurwadziwa kwese, uye itai kuti vazive kuti iMi muri Mwari uye hapana chirwere chinokwanisa kumira muHupo hweNyu kana kutuma kweNyu kwaMwari kwaitwa nechechi yeNyu uye nevanhu veNyu.

³ Uye nemuvhiki rese, tichinamata, kubvira musu weSvondo yapfuura ndanga ndichifunga pamusoro penzira idzi kana maitiro aya emunamato. Hatina chombo chisvinu sekuratidzika kwazvinoita kunyika, asi kachimvii aka kanoparadza zvikuru kana kakabatwa muminwe yekutenda. O Ishe, dai minamoto yedu yarova ipo pachu chaipo, parufu urwo rwuri uko rwakaremba pamusoro pemwana iyeye, uye dai rwaparadzwa; rima, kusuwa, zvive kure nerutivi rwemubhedha wemwana mudiki uyu, mucheche kana kamwana, kasikana kadiki. Uye dai Chiedza chikuru cheHupo hwaMwari chapenya pamusoro pake. Dai abuda muchipatara ichocho, ave mwana apora.

⁴ Mwari, tinoziva kuti uko mhiri kwerwizi vadikanwa vedu vakamirira, uye kwakanakisisa. Asi tinoda vadiki vedu. Uye tinonamata, Ishe, kuitira kubwinya kweNyu, kuti Mugochengetedza hupenyu hwemwana iyeye. Isu, sechechi yeNyu, tinotsiura rufu urwo, uye toti, “Mira ipapo ikoko. Haukwanisi kutora mwana uyu, nekuti tinotora nesimba hupenyu hwemwana uyu nekuda kwehumambo hwaMwari.” Zviitei zvinhu izvi, Ishe, kuti zviende chaipo pakanangwa sekunangisa kwatiri kuzviita, nemuZita raJesu Kristu, Muponesi wedu. Amen.

⁵ Tinotenda here? Handizivi kuti chii chandaikwanisa kuita dai ndanga ndisiri Mukristu. Handaizomboda kugara pano zvachose. Hapana chekuraramira, kunze bedzi kwokuita kuti vamwe vaponeswe, ndizvo zvakanakisisa zvandinoziva.

⁶ Zvino, husiku huno tinongoda kutanga kanheyo kadiki kechidzidzo chedu chatakapedzisira kuita. Uye ndichaedza kuverenga, nekuti, chitsauko chese, kana ndikakwanisa husiku huno. Nekudaro Svondo mangwanani ndichafanira zvichida kuti nditore dziri mbiri Svondo mangwanani nohusiku, kana zvakanaka, kuedza kupinda mumamirire aya ezvandinoda kuti chechi iwone. Oo, zvakanakisisa kwazvo kuti uwane nzvimbo yako! Uye hakuna anokwanisa kuita chero chinhu kusara kwokunge uchinyatsoziva zvauro kuita.

⁷ Ko dai wanga uri kuenda kundo . . . kundovhiyiwa, uye paina chiremba wechidiki achangobva kuchikoro wokuti anozenge . . . asati atombovhiya munhu kumashure. Kunyangwe, ainge ari wechidiki aine chiso chakanaka, vhudzi rake rakakamwa richitsvedzerera, akapfeka zvakanakisa, zvakatsvinda, nezvese. Uye oti, “Ndarodza mapanga, uye ndabvisa hutachiona pane zvinoshandiswa zvese nezvimwewo.” Asi iwe unozova nemamwe manzwiwo ekusagadzikana zvisvishoma pamusoro

pazvo. Ndigande hangu chiremba wechikuru akambopfuura kakawanda nemukuvhiya kwakadaro kumashure, ndisati ndada kuti ndichekwe. Ini—ini ndinoda kuziva mumwe munhu asiri uyo achangobva kuchikoro, ndinoda mumwe munhu akamboriita basa racho.

⁸ Uye Wacho anonyatsokwanisisa wandinoziva, wekudaidza husiku huno, ndiMweya Mutsvene. Ndiye Murapi mukuru pamwe neMudzidzisi mukuru waMwari.

⁹ Uye sekuisa hwaro paMharidzo yangu husiku huno, zvichiri kubva mumharidzo yemusi weSvondo, kuti iri... Vakaramba Samueri aiva neShoko raJehovha; vakagamuchira Sauro, mwanakomana waKishi; vakaramba Samueri, uyo aimiririra Mweya Mutsvene, nekuti aingotaura chete sekutungamirirwa kwaaitwa neMweya kuti atature. Uye apo akavaita kuti vazvicherechedze, akati, “Rangarirai, handina kumbobvira ndakataura chimwe chinhu kwamuri nemuZita raJehovha asi izvo Jehovha akaita kuti zviitike. Handina kana kumbofamba zvisina kutsarukana pamberi penyu. Uye hapana mumwe anokwanisa kundipomera mhosva yechivi.”

SaJesu akati, “Ndiani anokwanisa kuNdipomera mhaka yechivi?” Maona?

¹⁰ Uye akataura zvakare, achiti, “Handina kuuya kwamuri ndichipemha mari nezvakadaro. Handina chandakatora kubva kwamuri. Asi zvose zvandakataura zvaiva zviri zvekuti zvikuitirei zvakana, izvo zvandakaunza kwamuri zvichibva pamuromo waJehovha.”

¹¹ Uye vanhu vose vakapupura vachiti, “Ichokwadi. Zvose izvozvo ichokwadi, asi kunyange zvakadaro tinoda kuti tive namambo. Tinoda kufanana nedzimwe nyika dzose.”

¹² Zvino, husiku huno, Gwaro redu riri kupatsanura Bhuku raVaEfeso, ndiro Bhuku raJoshua reTestamende Itsva. Riri kugovanisa nekuisa munzvimbo “avo vakundi.” Zvino, ingori nheyo kwemamitsi mashoma, kuti tiwane pekusvika tisati tatanga kuverenga, tichitangira pandima 3. Zvino, takaona husiku hweSvondo yapfuura kuti... Mwari muTestamende Yekare akange aita vimbiso kuIsraeri yenyika yezororo, nekuti vakange vave vafambi nevaritairi. Uye vakange vari munyika isiri yavo, uye Mwari akange avimbisa kubudikidza naAbrahama kuti maachagara semutorwa, mbeu yake yaizogara kwemakore mazana mana pakati pevatorwa, uye vogotambudzwa, asi kubudikidza neruoko rwune simba Aizovaburitsa achivaisa munyika yakanaka yaierera nemukaka neuchi.

¹³ Uye, zvino, apo nguva yevimbiso yakati yaswedera, Mwari akasimudza mumwe munhu kuti agovaunza kunyika iyoyo. Vangani vari mukirasi husiku huno uyu aiva ani... vanoziwa kuti uyu aiva ani? Mosesi. Cherechedzai, chaiwo, mufananidzo

chaiwo wemazvirokwazvo wewedu Uyo watakapiwa kuti atiunze kuNyika yevimbiso, Kristu. Zvino tine vimbiso, nekuti vimbiso yedu iZororo repamweya, apo, ravo raiva zororo repanyama. Uye saka vaiuya kunyika yavaigona kutura kuti, “Ino inyika yedu, hatichisiri varitairi tagadzikana, ino inyika yedu, uye muno tine zororo. Tichadyara chibage chedu, minda yedu yemizambiringa, uye tichadya kubva paminda yedu yemizambiringa. Uyezve kana tafa, tichaisiira kuvana vedu.”

¹⁴ Oo, taigona sei kupinda munyika macho, mirawo yenhaka, saNaomi naRute, Bhoazi. Tozvidzosa zvose izvozo. Kuti hama iri muIsraeri, kuti aifanira kuita sei... chinhu chipi nechipi chainge arasikirwa nacho chaifanira kudzikinurwa nehama yepedyo. Oo, zvakanaka sei! Zvaizatora mavhiki nemavhiki nemavhiki nemavhiki, hataimbofa takabva pachitsauko ichochi, kuti tiende kwazviri. Taikwanisa kusunganidza Bhaibheri rose imo muno chaimo, chaimo muchitsauko chimwe chete ichochi.

¹⁵ Uye, oo, ndinongoda kuRinzvera. TaisimboRitora, uye tairitora kwegore nehafu, tosambobva paBhuku rimwe chete. Taingonyatsogara naRo.

¹⁶ Zvino, asi, chaiva chinhu chikuru kuti nhaka, zvainge zvakadai kuti nhaka yaiva munyika kuti kwakanga kusina mumwe munhu kunze kwehama yepedyo aikwanisa kudzikinura nhaka iyoyo. Zvino, regai ndingoti donhedzerei chiratidzo chiduku pano chandakambobata humwe husiku, kunemi vanamai. Vangani muno vakambonamatira vadikanwi vavo, vakarasika? Zvakanaka. Hezvoka zvakare, munoono, “Nhaka yenyu.” Maona?

¹⁷ Pauro akaudza uya muRoma, akati, “Tenda muna Ishe Jesu Kristu, zvino iwe neveimba yako muchaponeswa.” Kana uine kutenda kwakakwana kwekuti iwe pachako uponeswe, iva nokutenda kwakwana, zvisinei kuti mukomana uyu akatsauka zvakadini, kana musikana wacho akadini, vachazongoponeswa zvakadaro. Mwari, neimwe nzira! Kana Achaita kuti varare nemusana vavo, vakarara imomo muchipataro, vachifa, vachaponeswa. Mwari akazvivimbisa. Nhaka! Oo! “Uye vachange variko,” Isaya akadaro, “nevana vavo vose pamwe chete navo. Havangakuvadzi kana kuparadza mugomo raNgu rose dzvene, ndizvo zvinotaura Jehovha.”

¹⁸ Oo, ndine kamwe kanzvimbo kadiki kandinotarisa kuti ndingasvika kwakari husiku huno, kuitira imi. Kari kungopfuta mumwoyo mangu, pamusoro paizvozo zvichingodzokera kune izvozo.

¹⁹ Asi zvino, tichifambira mberi. Zvino makacherechedza here Mosesi, uya muiti mukuru weminana akaunza Israeri vachipfuura nemunyika, uye akavaunza kunyika yevimbiso, asi haana kuisa nhaka yavo kwavari? Haana kuvapa nhaka yavo; akavatungamirira kusvika kunyika, asi Joshua akagovera

nyika kuvanhu. Ndizvo here? Uye Kristu akaunza chechi kusvika panzvimbo apo yavakaitirwa nhaka yavo, vakaipiwa, pangori neJorodhani rekuyambuka, asi Mweya Mutsvene ndiWo Unoisisa chechi muhurongwa. Joshua wanhasi anoisisa chechi muhurongwa hwayo, achipa kune mumwe nemumwe, zvipo, nzvimbo, chinzvimbo. Uye ndiYe Inzwi raMwari richitaura kuburikidza nemumunhu wemukati uyo akaponeswa naKristu, Mweya Mutsvene. Zvino muri kubata kusvika ipapo here? Zvino tava kupinda muBhuku reVaEfeso. Zvino, nenzira imwe cheteyo, Ari kuisa chechi panzvimbo dzavanofanira kugara. Zvino, Joshua akavaisa munyika yepanyama. Zvino Mweya Mutsvene uri kuisa chechi, panzvimbo, munyika, iyo ivo, panzvimbo yavanofanira kunge vari, inova nhaka yavo.

²⁰ Zvino, chinhu chekutanga chaanotanga nacho pano, anonyora mutsamba yake, “Pauro.” Izvo, zvatichazoonza mushure mechinguva kuti chakavanzika chese ichi chakazarurwa kwaari, kwete museminari, kwete nemudzidzi wezvebhaibheri, asi chaiva chizaruro chaMwari cheMweya Mutsvene icho Mwari akapa Pauro. Achiziva kuti chakavanzika chaMwari, akati, chakange chakavanzwa kubva pamavambo enyika, chakange chazarurwa kwaari neMweya Mutsvene. Uye Mweya Mutsvene uri pakati pevanhu waisa mumwe nemumwe muhurongwa, uchiisa chechi panzvimbo.

²¹ Zvino, chinhu chekutanga icho Pauro anotanga kuudza vanhu pano, ndechekutora vose...Rangarirai, izvi ndezvekuchechi, kwete kune wekunze. Ichakavanzika chiri muzvirahwe kwaari, haatombofi akakwanisa kuzvinzwisisa, zvinopfuura nepamusoro pemusoro wake, haana chinhu chaanokwanisa kuziva pamusoro pazvo. Asi, kuchechi, huchi huri mudombo, mufaro usingatauriki, igutsikano yakaropafadzwa, ihoko yemunhu wemukati, itariro nemusimboti wedu, iDombo reMazera, oo, izvose zvakanaka. Nokuti matenga nenyika zvichapfuura, asi Shoko raMwari harizombofi rakapfuura.

²² Asi munhu ari kunze kweKenani haana chaanoziva pamusoro pazvo, achiri kungoritaira. Handisi kuti haasi munhu akanaka, handitauri kudaro. Handitauri kuti munhu kunyange ari muEgipita haasi munhu wakanaka, asi iye, kusvikira auya oyambukira munhaka iyi.

²³ Uye nhaka, iyo, vimbiso yakapiwa kuchechi haisi nyika yepanyama, asi inyika yepamweya, nokuti tiri huprisita wehumambo, rudzi rutsvene. Zvino muhuprisita wehumambo uhu, rudzi rutsvene, vanhu vakasiyana nevamwe, vakadanwa kunze, vakasanangurwa, vakasarudzwa, vakaiswa parutivi, zvino nyika yose yakafa iri kunze. Uye tinotungamirirwa neMweya. Vanakomana nevanasikana

vaMwari vanotungamirwa neMweya waMwari; kwete nomunhu, asi neMweya.

²⁴ Zvose zviri murudo, chinhu chose ichi chakasunganidzwa pamwe chete zvino. Izvi zvakaedza kudzidziswa nguva dzakawanda, pasina kupokana vadzidzi vakuru vezvebhaibheri vakapinda mazviri zvakanyatsodzika kupfuura zvandaizoita. Asi chinhu chandiri kuda kuedza kuunza kwamuri ndeichi, kuti munhu ari muna Kristu, ane Mweya Mutsvene, anokwanisa kutsungirira nemunhu anenge akanganisa, ane kutsungirira, munyoro, ane mwoyo murefu; anotapira, akazvinipisa, akatendeka, akazadzwa neMweya, haamboiti maonero anopesana, ane maonero akanaka nguva dzose; munhu akasiyana.

²⁵ Kwete munhu anongoti, “Takambenge tiinawo. Kana takadaidzira, taiva nawo, isu maMethodisti. Oo, apo patakadaidzira, taiva muNyika.” Izvozvo zvakanaka, izvozvo zvakanonaka chose, ndinozvitendawo zvakare.

²⁶ Zvino vechiPentekosti vakauya vachitaura nendimi, ivo, “Vaiva nawo; wese munhu akataura nendimi aiva nawo.” Ndinozvitendawo izvozvo, zvakare. Asi zvakadaro takazoono kuti vazhinji vakanga vasati vave naWo ipapo, muri kuonaka. Maona? Zvino vari. . .

²⁷ Tave kuuya zvino kune chakavanzika ichi chikuru chakavanzwa icho chaiva chakavanzwa kubva pamavambo enyika uye zvino chava kuzarurwa mumazuva ekugumisira kuvanekomana vaMwari. Munozvitenda here izvozvo kuti ichokwadi, kuti vanakomana vaMwari vari kuratidzwa? Tisati tatomboenda mberi, ngatizarurei kuna VaRoma chitsauko 8 kweminiti, regai ndikuverengerei chimwe chinhu. Toona kana izvi zvichisvika kune zvandiri kutaura pamusoro pazvo pano. Zvino tichatora VaRoma 8, ndima 19 yechi—yechitsauko 8 chaVaRoma.

Nokuti zvinotarisisira zvikuru. . . zvisikwa zvichimirira kuratidzwa kwavanakomana vaMwari.

²⁸ Nekutarisisira kukuru, zvisikwa zvose zvakanamirira kuratidzwa. Munoono, kuratidzwa! Chii kuratidzwa? Kuzivisa!

²⁹ Pasi rose. VechiMohamedhi vari kure uko, vari kukutsvaka. Kwose kwakapoteredza, kwose-kwose, vari kukutsvaka. “Vanhu ava vari kupi?” Isu takava ne. . . Takava nemhepo inovhuvhuta zvine simba, takava nekutinhira nemheni, takava namafuta neropa, takava nemhando dzose dzezvinhu; asi takatadza kunzwa Inzwi riya diki rakadzikama rakakwezva muporofita, uyo akamoneredza hanzu yake paari akabuda kunze, akati, “Ndiri pano, Ishe.” Maona?

³⁰ Zvino zvisikwa zvose zviri kugomera uye zvakanamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari. Zvino, Pauro ari

kuzotanga aisa chechi chaipo painofanira kuva. Zvino kuti tingowana hwaro, ngativerengei zvakare.

Pauro, muapostori waJesu Kristu nekuda kwaMwari, kuvatsvene (ndivo avo “vakaitwa vatsvene”) vari paEfeso, ne . . . vakatendeka muna Kristu Jesu:

³¹ Zvino, kuti kirasi isazozvikanganwa, tinopinda sei muna Kristu? Tinojoinha chechi here kuti tipinde muna Kristu? Tinoita zvekupupura here kuti tipinde muna Kristu? Tinonyudzwa mumvura here kuti tipinde muna Kristu? Tinopinda sei muna Kristu? VaKorinte Vekutanga, chitsauko 12, “Nokuti neMweya mumwe chete,” mumwe chete, vara guru M-w-e-y-a, unova Mweya Mutsvene, “tose tinobhabhatidzwa tichipinda muNyika yevimbiso.”

³² MuNyika iyi yakavimbiswa, zvinhu zvese ndezvedu zviri muNyika yevimbiso. Mazviona izvi, Hama Collins? Munoono, zvinhu zvese zviri muNyika yevimbiso! Apo Israeri payakayambuka Jorodhani iri, kupinda munyika yevimbiso, vakarwisana nezvinhu zvese!

³³ Zvino rangarirai, muNyika iyi yevimbiso, hazvirevi kuti wakadzivirirwa kubva kuhurwere, hazvirevi kuti wakadzivirirwa kubva kumatambudziko. Asi zvinoreva kuti, (oo, itai kuti izvi zvinyatsonyura zvakadzika), zvinotaura kuti, ndeyako! Ingosimuka uyitore! Maona? Apo . . .

³⁴ Uye, rangarirai, nzira yega apo Israeri yakambobvira yarasikirwa nemunhu, ndeapo chivi pachakapinda mumusasa. Ndiyo chete nzira yatingafa takarasikirwa ne—nekukunda, ndeyekuti chivi chipinde mumusasa, chimwe chinhu chakanganisika pane imwe nzvimbo. Paya Akani paakaba chigodo chiya nehanzu iya yekuBhabhironi, chivi chakanga chava mumusasa, uye hondo yakaenda nekusiko.

³⁵ Ndipei chechi iyi—iyi husiku huno, boka iri revanhu, rakanyatsokwana, rakanyatsokwana muvimbiso yaMwari, riine Mweya Mutsvene, riri kufamba muMweya, ndinopikisana nechero chirwere kana chero dambudziko, kana chero chinhu chipi chiripo, vana Joe Lewis vese vari munyika, nekusatenda kwake kwose, uye nevose vasingatendi varipo, kuti vaunze chero hurwere hupi zvahwo kana dambudziko mukati mesuwo rino, uye vanozofamba vachibuda muno vanyatsopora zvizere. Hongu, changamire. Mwari vakapa vimbiso, chivi chekusatenda chete ndicho chinokwanisa kuidzivisa. Zvino tichadzika mukuti tione kuti kachivi aka chii, mushure mechinguva. Zvino:

. . . avo vari muna Kristu Jesu:

Nyasha ngadzive kwamuri, nerugare, runobva kuna Mwari Baba vedu, na . . . Ishe Jesu Kristu.

Ngaaropafadzwe Mwari naBaba vaShe wedu Jesu Kristu, vakatiropafadza nemaropafadzo ese epamweya

munzvimbo dzekumatenga *muna Kristu, muna—muna Kristu:*

36 Kana tiri muna Kristu, tine ropafadzo repamweya. Kunze kwaKristu, tine manyawi. Muna Kristu tine ropafadzo remazvirokwazvo. Kwete kutenda kwekabanga, kwete zvinhu zvenhema, kwete zvekunyepedzera. Asi chero bedzi uri kuedza kutaura kuti uri muNyika yevimbiso, uye iwe usiri, zvivi zvako zvichazokuwana. Uye, chinhu chekutanga unoziva, unozoviona uri wenhema ne—nezvose, sezvatinozvidaidza munyika kuti, wazara netsvina. Unozoonza kuti hauna icho chauri kutaura nezvacho. Asi kana uri muna Kristu Jesu, Akakuvimbisa rugare rweKudenga, maropafadzo eKudenga, Mweya weKudenga, zvinhu zvese ndezvako. Uri muNyika yevimbiso uye uine zvinhu zvese hazvo. Amen. Izvi zvakanaka sei! Oo, ngatinzverei.

Maererano sezvaakatisarudza . . .

37 Zvino, apa ndipo panogumburwa chechi zvakanyanya kwazvo.

Maererano sezvaakatisarudza *maari* . . . (Muna Ani?)
Kristu.

38 Zvino tinoona kuti, kumashure muna—muna Genesi nemuna Zvakazarurwa, Zvakazarurwa 17:8, kuti Akatisarudza muna Kristu nyika isati yavambwa. Zvino, shoko . . . Regai ndiverenge rinotevera.

. . . pamavambo enyika, kuti tive vatsvene vasine mhosva pamberi pake . . .

Akatitemera kare . . .

39 Zvino ndinoda kumira pashoko rinoti “kufanotemera.” Zvino, *kufanotemera* hakusi kuti, “Ndichasarudza Hama Neville, uye ini—ini—ini—ini—ini handizosarudzi Hama Beeler.” Handizvo izvozvo. Kufanoziva kwaMwari kwakaziva kuti ndeupi achange ari akanaka neuyo achange asina kunaka. Nekudaro, nekufanoziva, Mwari achiziva izvo zvaAizoita, Akafanotemera kubudikidza nekufanoziva kwaKe kuti aite kuti zvinhu zvose zvishande mukunaka kune avo vanoda Mwari, kuti Azoita, muzera raizouya, odana zvinhu zvose pamwe chete mune Mumwe, anova Kristu Jesu.

40 Regai ndikuratidzei mufananidzo mudiki pano. Zvakanaka. Todzokera kumashure, ndinotenda kuti ndakataura zvishoma pamusoro pazvo humwe husiku, kana kunyatsozvirova, muna Genesi, chitsauko 1, 1:26, apo Mwari akaidza Zita raKe, “Ishe Mwari,” riri mushoko rinoti El, Elah, Elohim, zvinoreva kuti “Uyo anozviraramira ari oga.” Hapana chimwe chinhu chaivako kunze kwaKe. Kwaiva kusina mweya, kwaiva kusina chiedza, kwaiva kusina nyeredzi, kwaiva kusina nyika, kwaiva kusina kana chinhu chii zvacho. Aiva Mwari, uye Mwari oga, El, Elah, Elohim. Zvino, iYe akagadzira izvozvo.

41 Mukati maiyeye maiva nezvizenga zvaireva kuti Aiva... Mukati meuyu El, Elah, Elohim mukuru maiva nechizenga kana kuti... Munoziva here kuti *chizenga* chii, kana kuti regai ndizvitaure kudai, hwaiva “hunhu.” Kuitira kuti muchinda wechidiki azvibate, uye ndiri mumwe wevadiki ava vanofanira kuti vazvibate nenzira iyi. Mukati Make maiva nehunhu hwekuva baba, asi Airarama ari oga, uye pakange pasina chinhu chekuti Anzi Baba nacho. Uye, zvino, mukatikati maiyeye maiva nechimwe chinhu zvakare, chekuti Aiva Mwari; zvino mwari chinhu chinonamatwa; asi Airarama ari oga, El, Elah, Elah, Elohim, saka paiva pasina chinhu chekuti chiMunamate. Mukati maiyeye, Aiva Muponesi, uye paiva pasina chinhu chakarasika kuti chiponeswe. Maona? Mukati maiyeye, Aiva Mupodzi, munoona, asi pakanga pasina chinhu chairwara kuti chipodzwe, kana kuti pasina chinhu chaizorwara. Zvino muri kubata mufananidzo wacho here? Saka zvizenga zvaKe, hunhu hwaKe hwakabuditsa zviriko nhasi.

42 Vamwe vanhu vanoti, “Zvino, ko sei Mwari vasina kungozvimisa pakutanga?” “Iye chipuka chine mwoyo une hutsinye,” akadaro Joe Lewis, uyo akapomera Joe, kana kuti Jack Coe, munoona. Akati, “Angori chipuka chine mwoyo une hutsinye. Hakuna chinhu chakadaro chinonzi Mwari. Dai paiva nechinhu chakadaro, iYe aizova...” Oo, ini... akangoMudana namazita emhando dzose, munoona. Asi chikonzero ndechekuti anogona kunge ane zivo yakawanda kumusoro *kuno*, asi haana chinhu zasi *kuno*.

43 Zvino, izvozvo, ndipo pazviri. Maona? Shoko rino rinozvitaure pano, uye Akazvivanza. Uye zvakavanzika izvi zvakavanzwa zvino, rangarirai, Bhaibheri rinoti, “Kubvira kumavambo enyika, zvakamirira kuratidzwa kwevanakomana vaMwari,” kuzviratidza kuchechi. Oo, ini zvangu! Mazvibata here?

44 Zvino ndichambomira panyaya yangu zvishoma, kana kuti ndichaunza...Ndichaenda papfungwa yangu inotevera kuti ndiwane izvi. Zvino rangarirai, kupfuura nemumazera ose aMosesi, nokudzokera nemumazera evaporofita, kudzokera nemumazera ose, vakamirira kusvikira mazuva ano ekupedzisira kuti zvinhu izvi zviratidzwe, maererano neRugwaro. Ndizvozvo, kuti zvizarurwe kvanakomana vaMwari. Sei? Kubva pakurasika...kusvikira sezvakaita piramidhi, sezvandataura, kuvaka zvichiswedera pedyo, nepedyo, nepedyo.

45 Sezvandakagara ndichiita chitaurwa ichi, uye ndichiti, Mwari akagadzira maBhaibheri matatu. Rekutanga, AkaRiisa muchadenga, hurongwa hwenyeredzi muchadenga. Makamboona here hurongwa hwenyeredzi muchadenga? Ndechipi chiratidzo chekutanga muhurongwa hwenyeredzi

muchadenga? Mhandara. Ko ndechipi chiratidzo chekupedzisira muhurongwa hwenyeredzi muchadenga? Reo shumba. Akauya kekutanga kumhandara, Ozouya kechipiri seShumba yerudzi rwaJudha. Maona?

⁴⁶ Akagadzira raitevera mupiramidhi, kare mumazuva aEnoki, apo pavakavaka piramidhi. Uye vanomayera. Handizvinzwisise. Asi kusvika kune dzihondo, apo pavaikotama voenda nemabvi kusvika pane chimwe chinhambwe, uye vaigona kuyera hurefu hwaizovapo hwedzihondo. Munoziva kuti iko zvino vave kuyera kusvika kupi? Kumberi-mberi kudarika kamuri yamambo. Apo piramidhi iri raivakwa richikwira mudenga. . . Hatikwanisi kurivaka, nezvose zvatiinazvo muzuva ranhasi. Hatikwanisi kurivaka.

⁴⁷ Rakavakwa richienda mudenga *sezvizi*, kusvika panhongonya. Uye ibwe pa. . . Ibwe rakatesva harina kutombobvira rakawanikwa. Havana kutombobvira vakaisa ibwe rakatesva repamusoro pepiramidhi. Handizivi kuti munozviziva here kana kuti kwete, iro piramidhi guru rekuEgipita, harina kutombobvira rava neibwe repamusoro pariri. Sei? Iro ibwe repamusoro rakatesva rakarambwa, Kristu, Ibwe repamusoro, munoono, rakarambwa.

⁴⁸ Asi apo patinege tichikura kubva muzera raLuther, zera reBaptisti, zera reMethodisti, zera rePentekosti, tasvika chaipo pamusoro paIbwe repamusoro rakatesva zvino, munoono, takamirira nekushuvira kuti Ibwe repamusoro rakatesva riya rigare, chivakwa chinobva chakwana. Hamuna kurava here muGwaro, “Dombo rakarambwa”? Nekuti, tinocherechedza kuti izvi zvairevera kutemberi yaSoromoni. “Asi Dombo rakarambwa ndiro rakava Musoro wekona.” Uye ndiri kutaura izvi kuti ndingoita mu—mu—mu—mufananidzo kwamuri.

⁴⁹ Zvino, uye muBhaibheri, tiri kurarama muzuva rekupedzisira, pamusoro pepiramidhi, hove dzakachinjikana dzezera rekena muhurongwa hwenyeredzi muchadenga, munguva yekuuya kwaReo shumba, muibwe repamusoro rakatesva, uye mumazuva ekuratidzwa kwevanakomana vaMwari, muBhaibheri, munoonaka. Munoono patava? Tava panguva yekuguma chaipo.

⁵⁰ Vangani vanga vachiverenga bepanhau svondo rino, pamusoro pezvakaaurwa naKhrushchev nevamwe? Oo, vakagadzirira; kana nesuwo. Amen. Kugadzirira! Izvi zvakanaka, munoono. Oo, mu—mu—mukana wakanaka zvakanaka, izuva rakadini! Dai Makristu vaikwanisa kucherechedza zuva ratiri kurarama mariri. Ini zvangu!

⁵¹ Munofungei? Munyori weBhuku rino, uyo akazviona, uye akaona uko kwazvaizoratidzwa mumazuva ekupedzisira, kumiririra pamwe nokugomera kuti avo vanakomana vaMwari vasimuke mumazuva ekupedzisira, nesimba reMweya Mutsvene

kumagumo ezera, kuzarura zvinhu zvakavanzika kubva kumavambo enyika, nokuzviunza.

⁵² Zvino ngatidzokerei mune “pamavambo enyika” zvakare, kuti tiwane chizaruro, kuti tione kuti tiri kuita chaizvo here kana kwete. Ndinovimba kuti handisi kuzviita pachangu uyo asingaremekedzi nekudana Mwari kuti, “Papa,” asi ndinoda kuzvitauro nenzira iyoyo kuti imi mugozvinzwisisa. Papa! Papa vaida kuva nevana, saka Vakaiti? Vakati, “Ngapave neNgirozi.” Uye Dzikauya dzikaMupoterredza. Oo, izvi zvakana. DzakaMunamata, ipapo Akava Mwari, hunhu. Rangarirai, Aiva El (E-1), Elah, Elohim, anozviraramira ari oga, pasina chimwe chinhu kunze kwaKe. Chinhu chakatanga kuuya dzaiva Ngirozi. Zvino, Ngirozi hadzaikwanisa kuita zvinopfuura kungonamata. Hadzaikwanisa kurasika. Nekudaro, hadzaikwanisa kurwara, Dzaiva zvisikwa zvingafi. Nekudaro, haAikwanisa kuratidza simba raKe rekupodza, haAikwanisa kuratidza ruponeso rwaKe. Saka nekudaro, kumashure, zvino regai. . .

⁵³ Zvino mushure meizvi, Akati, “Tichagadzira chimwe chinhu chinobatika.” Nekudaro Akagadzira nyika. Uye paAkagadzira nyika, Akagadzira zvisikwa zvose zvepanyika, ndoKuzogadzira munhu. Chinhu chose chakabuda kubva munyika; zvichitanga ne—nekaburuwuru kana jerifishi, chaingova chinyama chiri kuyangarara pamusoro pemvura, ndokutangira ipapo, zvichienda. . . kubva ipapo zvichienda kudatya, hunova ihwo mhando yehupenyu hwepasi-pasi yatinogona kuwana, vanotaura kuti, idatya. Mhando yehwepamusorosoro munhu. Kubva padatya hwakaenda kudzvinyu, kubva padzvinyu ndokuenda huchienda huchienda, uye nguva dzose apo Mweya Mutsvene wakatanga kuti “whoosh,” ndokufema, hupenyu hukauyazve; “whoosh,” hupenyu hwakakwirira. Uye chinhu chekutanga, chimwe chinhu chakauya chiri mumufananidzo waMwari, aiva munhu. Hapana chakazombobvira chavapo, chakazombovapo, chichazombofa chakasikwa zvachose, chero chipi chichazopfuura munhu, nekuti munhu ari mumufananidzo waMwari. Maona? Zvino munhu. . .

⁵⁴ PaAkagadzira munhu waKe wekutanga. Zvino, paAkagadzira Ngirozi dzaKe. . . Akagadzira munhu, “Akavasika murume nemukadzi,” vese vaiva muchinhu chimwe chete. Aiva zvese murume nemudzimai, hunhu hwechidzimai nehunhu hwechirume. PaAkagadzira Adhama akamuisa munyama. . . rangarirai muna Genesi 1, Akagadzira murume nemudzimai. Zvino muna Genesi 2, pakanga pasati pava nemunhu wekurima ivhu, munhu wenyama. Paive pasina munhu aikwanisa kubata chero chinhu uye worima ivhu, asi zvakadaro paiva nemunhu aive ari mumufananidzo waKe. “Zvino Mwari ari. . .” [Ungano inoti, “Mweya”—Mupepeti]. Ndizvozvo chaizvo. Maona? Akagadzira munhu wekutanga,

“Akavasika murume nemukadzi.” Zvino, paAkagadzira munhu wekutanga!

⁵⁵ Zvino, rangerirai, zvose pamwe chete Aiva nazvo mupfungwa dzaKe. Uye usiku hweSvondo ndakataura nezvazvo. Sho—shoko ipfungwa inenge yaratidzwa. Mwari akafunga kuti Aizova Mwari nenzira ipi, kuti Aizonamatwa sei, kuti Aizova Mupodzi sei, kuti Aizova Muponesi sei; zvino ipapo paAkangotaura Shoko, zvakabva zvangopera nokusingaperi. Oo, dai vanakomana vaMwari ava zvino vaikwanisa bedzi kubata Shoko iri saizvozvo. Kana Mwari ataura Shoko, zvinenge zvatopera! Zvemazvirokwazvo! Aigona kunge akamirira . . . Nhorooondo yekufamba kwenguva inotaura kudaro, kana kuti mazvikokota muzviwanikwa zvenhorooondo nezvimwe zvese, vanotaura vachiti zvimwe nyika yaivapo kwemamiriyoni nemamiriyoni nemiriyoni. Handizivi, anogona kunge aiva makore matiririyoni nematiririyoni. Handizivi kuti yakatora nguva yakareba zvakadini. Mwari haararami munguva. Haasati apererwa kana neminiti imwe chete yenguva yaAiva nayo kubva paAkaitaura. Achingori Mwari. KwaAri hakuna nguva.

⁵⁶ Handina kumbobvira ndakazviziva izvi saizvozvo kusvikira pane humwe husiku, mamwe mangwanani, waro. Ziendanakuenda, hakuna nezuro, hakuna mangwana, zvese zvingori zvino. Makambocherechedza here shoko rekuti “NDIRI”? Kwete “Ndaiva” kana “Ndichazova.” NdezveKusingaperi, “NDIRI!” Munooona, “NDIRI,” nguva dzose!

⁵⁷ Zvino, asi Aida kuisa zvinhu munguva. Aifanira kugadzira chimwe chinhu chinonamata, nekudaro hunhu hwaKe hwakaburitsa izvi. Zvadaro Akagadzira munhu. Zvino, mumunhu uyu, aitaridzika seakasurukirwa ari ega. Saka, zvino, kuratidza zvino pfungwa yaKe huru, zvaAiva nazvo mumufananidzo waKristu neChechi, iYe haana kutora chimwewo chigodo cheivhu chakasiyana ndokugadzira mudzimai, asi Akatora kubva parutivi rwaAdhama, mbabvu; ndokutora kubva pamweya waAdhamu, wechidzimai, zvino ndokuisa mbabvu iyi. Kana ukaona murume anozvibata achiita semudzimai, pane chakakanganisika. Uye kana ukaona mudzimai anoda kuita semurume, pane chakakanganisika. Munooona, pane chakakanganisika. Iyoyi mweya miviri yakasiyana, zvachose. Asi, pamwe chete, inogadzira chinhu chimwe chete, “ava vaviri chinhu chimwe.” Nekudaro Akagadzira mukadzi nemurume, uye havaizombobvira vachembera, havaizombobvira vafa, havaizombobvira vachena musoro, kwete zvachose. Vaidya, vainwa, vairara, sezvatinongoita, asi havana kutombobvira vaziva kuti chivi chaiva chii.

58 Zvino ndichambosiya izvi pano kuitira chimwe chidzidzo pane imwe nguva, pamusoro pembeu yenyoka. Icho, chavakandikumbira kuti ndichidzose ichocho. Asi regai ndione mumwe munhu anouya ondiratidza chimwe chinhu chakasiyana. Ndizvo zvandinoda kuziva, munoona.

59 Zvino, asi zvino mushure meizvi zvose, zvadaro apo chivi pachakapinda, chii chinozoitika?

60 Kumusoro-soro uko, kudarika, miriyoni, zana remamiriyoni remamaera, kune nzvimbo yakakura *seizvi*, uye ndirwo rudo rweagapo rwakakwana. Nguva yese paunoita nhanho wakananga *kuno* uku, rwunotetepa neinchi imwe. Zvino munoziva kuti rwunenge rwave rwushoma zvakadini panguva yarwunozosvika panyika. Rwave mumvuri wemumvuri wemimvuri. Ndirwo rwaunarwo, ndirwo rwardiinarwo, mumvuri wemumvuri wemimvuri yerudo rweagapo.

61 Pane chimwe chinhu mauri, pane chimwe chinhu chiri mumudzimai wese ari muno apfuura makore makumi maviri, pane chimwe chinhu chiri mumurume wese ari muno apfuura makore makumi maviri, icho chinoshuva kuti urambe wakadaro. Une makore mashanu chete, ayo anobvira pagumi nemashanu kusvika pamakumi maviri. Wadarika makumi maviri unotanga kufa. Asi, kubva pagumi nemashanu, unenge uchingova mwana achangotanga kuyaruka kusvikira ipapo. Zvino unozobva zera kusvikira wave nemakore makumi maviri. Zvino wadarika makumi maviri, oo, iwe unoti, “Ndichingori munhu ari kunzwa zvakanaka.” Unongotaura hako kudaro, asi unenge uchisiri. Unenge wave kufa uye uri kutopera, zvisinei nezvaungaite. Mwari akakugadzira kusvikira pazera iroro, asi zvadaro iwe uchazofa. Zvino chii chinotika? Zvino unotanga kufa, asi mukati imomo mune chimwe chinhu mauri chinoti, “Ini ndinoda kuva namakore gumi nemasere zvakare.”

62 Zvino ndinoda kukubvunzai chimwe chinhu. Ko dai wanga wakaberekwa makore mazana mashanu apfuura, uye woramba uine makore gumi nemasere kusvikira nhasi? Ndokunge waisazova chinhu chechinyakare, nemafungiro ako emakore mazana mashanu akapfuura! Madzibaba vakatanga vaiva vafambi vasati vatombouya kuno, zvino iwe wakanga watove musikana wechidiki ane mafungiro akadaro. Handiti, zvaiva nani kwauri kunge iwe wakaenderera hako mberi wochembera worarama makore mazana mashanu. Munoona, pane chimwe chinhu chakakanganisika.

63 Iwe unoti, “Zvakanaka, iko zvino ini ndiri kunyatsonzwa zvakanaka, Hama Branham. Oo, ndine—ndine—ndine makore gumi nemasere, ndine makore gumi nematanhatu, ndinonzwa zvakanaka.” Mudiwa, rega ndikuudze chimwe chinhu. Unoziva sei kuti mai vako vapenyu paminiti ino, kana vasiri muchechi muno? Unoziva sei kuti mukomana wako haana kuurayiwa

maninitsi mashoma apfuura, kana musikana wako? Unoziva sei kuti ave mangwanani unenge usiri chitunha mumba mako? Unoziva sei kuti uchabuda muchechi husiku huno, uri mupenyu? Hazvitomborina machokwadi. Hapana chinhu chemachokwadi. Kana uine makore gumi nemashanu, gumi namaviri, gumi nemapfumbamwe, makumi manomwe nemashanu, kana makumi mapfumbamwe, pane...zvinhu zvose hazvina machokwadi. Iwe hauzivi pawakamira. Asi zvakadaro unoshuva kudzokera kumakore gumi nemashanu, gumi nemasere. Chii chinokuitisa kuti udaro?

⁶⁴ Zvino, ukadzokera kumakore gumi nemasere uye woramba wakadaro, uye usingamborwara uye usingatozombo... unofanira kuti uzova nevamwe vanhu pamwe chete newe, nekuti hazvizoenderana nezera rako, munoona. Vanhu vaizoenderera mberi mune mamwe mazera zvino iwe unozova wechinyakare. Iwe unozova muchinhanho chakaipa kupfuura zvazvaizenge zviri dai wakachembererana navo. Asi pane chimwe chinhu chinokudanira kuti iwe unge uripo. Ndiko kaagapo kaya, kamumvuri kaya kadiki kanokuita kuti iwe... Chimwe chinhu chiri pamusoro apa.

⁶⁵ Zvino, humwe husiku, kana mamwe mangwanani, nenguva dza seven o'clock, apo Mweya Mutsvene, kubudikidza nekunaka kwaKe uye nyenya dzaKe, akandibuditsa kubva mumutumbi uno, ndinotenda, ndinotenda. Hongu kana kwete, handingadaro, zvino ndokupinda munyika iyoyo ndikaona vanhu vava, uye vose vaiva vechidiki. Uye ndakaona vanhu vane runako rwakanakisisa vandisati ndamboona muhupenyu hwangu. Zvino Akati kwandiri, "Vamwe vavo vaimbova nemakore makumi mapfumbamwe ekuberekwa. Ndiwe wakavatendeutsa. Ndicho chikonzero vari kudandizira zvakananyanya, 'Hama yangu! Hama yangu!'"

⁶⁶ Zvino, uyo mutumbi wekudenga, zvokuti kana tafa hatizova chinhu chokufungidzira, tinova mutumbi. Dai taizonzi, munhu wese, afa, dai bhambhu reatomiki rotiputitsa miniti ino, mumaminitsi mashanu kubva pari zvino tinenge tave kukwazisana nemaoko nekumbundirana, uye nokudanidzira zvakananyanya nekungoenderera, nekurumbidza Mwari! Hongu, changamire. Uye Hama naHanzvadzi Spencer vagere pano, ndinofungidzira kuti ndivo vamwe vevakaroorana vakwegurisa vari imo muno, vachange vave nemakore gumi nemasere, makumi maviri ekuberekwa. Hama Neville vachazenge vave mukomana wechidiki, uye ini ndichazova mwana wechidiki. Uye isu tese tichazongova...Ndicho chaicho Chokwadi ichi. "Kana tabhanakeri ino yevhu yatinogara mairi yaparara, tine imwe yakatofanotimirira."

⁶⁷ Kana kamwana kacheche kabuda muna amai vako, sepakuberekwa kwepanyama, kamutumbi kako

kachizvonyongoka nemakumbo achingochirika-chirika, uye nezvakadaro. Ruregerero pamataurire aya, imi madzimai echidiki. Asi, pakanenge kachidaro, kanenge kaine nyama dzeupenyu dziri kugwinha-gwinha. Asi pakanouya panyika, chinhu chekutanga, kanotanga kufema, zvino pane mutumbi wepamweya wezvemasikirwo unouya mukamwana ikako ipapo. Ukakasiya kakadaro, kanozotora musoro wako kobva kati tsitsa pazamu raamai vako kotanga kuyamwa. Kana kakasadaro, mukaka hawaitozombobuda.

⁶⁸ Makambocherechedza here mhuru kana yabarwa, iyo... painongokwanisa kuwana simba rakakwana rekumira nemakumbo ayo? Ndiani anoiudza? Inofamba yoenda kuna mai vayo, yotanga kutsvaka-tsvaka zvino yotanga kuyamwa. Oo, hongu!

⁶⁹ Nekuti, kana mutumbi uno wevhu waunzwa pano, pane mutumbi wemweya wakatoumirira. Uye uyu paunongo... Oo, hareruya! “Zvino kana tabhanakeri ino yevhu yatinogara mairi yaparara, kune imwe yakatimirira kumusoro uko.” Apo patinongobuda kubva mune uno, tinopinda mune iwoyo; uyo usingade mvura yekunwa inotonhorera, usingatombova nechido chemvura yekunwa; uyo usingadyi, haisi yeguruva renyika. Asi vangori vemazvirokwazvo, uye vanokwanisa kunzwa nekubata nekukwazisana maoko, uye kungova nerudo nezvinhu zvese zvakakwana. Zvino mutumbi iwoyo wakamirira kumusoro uko. Iwo chikamu chawo. Pane mitatu yawo.

⁷⁰ Unotanga Hupenyu hwako Husingaperi pano paaritari. Pano ndipo paunotangira Ziendanakuenda. Oo! Unotangira Hupenyu Husingaperi ipo pano. Zvino unobva waberekwa patsva, mwanakomana waMwari. Uyezve kana wafa, unotanga... Kana rufu rwako rwakurova mumutumbi uno zvino mwoyo womira kurova, mavhiri ehupenyu hunofa otanga kumira, kamumvuri kaya kaiva mumvuri wemumvuri, musekondi imwe chete unova mumvuri wemumvuri, zvino tevere unova mumvuri, zvino tevere unozova kakuchururuka kemvura, zvino tevere unozova kahova, zvino tevere unozova rwizi, uye tevere unozova nyanza, zvino mushure mechinguva unenge wamira muhupo hwevadikanwi vako vakamira mhiri uko, wapfeka hanzu dzemutumbi wekudenga, uyo wamunenge muchizivana, muchidanana, wadzokera kuva mujaya nemhandara zvakare. Ndizvozvo chaizvo. Unomirira uri ikoko kusvikira kuuya kwaIshe Jesu. Uye rimwe zuva uyo mutumbi waKe wakabwinyiswa... Zvino rangarirai, uyu mutumbi wekudenga, kwete wakabwinyiswa, asi mutumbi wekudenga. Uye rimwe zuva mutumbi uyu wekudenga uhabva Kudenga pamwe chete naJesu.

⁷¹ “Nekuti ndinotaura izvi kwamuri,” VaTesaronika Vechipiri, chitsauko 5, kana VaTesaronika Vekutanga, chitsauko 5, iyoyi kana imwe yacho, “Ndinoti kwamuri, handidi kuti mushayiwe

zivo, hama, pamusoro peavo vavete, kuti murege kusuruvara, kunyangwe sevamwe vasina tariro. Nokuti kana tichitenda kuti Kristu akafa akamukazve nezuva rechitatu, saizvozvowo avo vakavata muna Kristu Mwari uchavaunza pamwe chete naYe. Nokuti tinokuudzai izvi nemirairo yaShe, kuti isu vapenyu vakasara kusvikira pakuuya kwaShe, hatitongodziviriri kana kudzivisa” (shoko chairo) “kudzivisa avo vavete. Nokuti hwamanda yaJehovha icharira, uye vakafa muna Kristu vachatanga kumuka.” Mitumbi iyo yekudenga ichadzika pasi zvino yopfeka mitumbi yepanyika, yakabwinyiswa. “Uye isu vapenyu vakasara tichashandurwa mukanguva, mukubwaira kweziso, uye tichatorwa pamwe chete navo, kuti tisangane naIshe muchadenga.”

⁷² “Handichazonwi muchero wemuzambiringa kana kudya zvakare kusvikira Ndazvidya patsva nemi muHumambo hwaBaba vaNgu,” Mabiko eMuchato. Kwemakore matatu nehafu antikristu achapedzisa kutonga kwake, nyika yose inobva yaparadzwa, maJudha anodanwa, Josefa anozvivizisa kune veDzindudzi, kana kuti kumaJudha. Rangarirai, Josefa paakazvivizisa kumadzikoma ake, pakange pasina weDzindudzi mumwe chete aivapo. Apo akatuma . . . Munoziva nyaya yacho. Josefa, mufananidzo wakakwana waKristu, mune zvese. Zvino Josefa paakadaidza madzikoma ake, ivo ndokuuya zasi ikoko, zvino akatarisa ndokuona Bhenjamini muduku, akavaona ipapo uyezve iye . . . Vakati, “Nhai, murume uyu! Isu—isu hataifanira kunge takauraya munin’ina wedu, Josefa.” MaJudha vachiona kuti vakakanganisa; zvino apo Kristu, paAchange Achizvivizisa kwavari. Zvino Josefa akadumbirwa kwazvo, akange otochemba, potse, saka akabuditsa mudzimai wake nevana vake, uye nevachengeti vake nevamwe vose, akavaendesa kumuzinda. Ndizvozvo chaizvo. Zvino ipapo muhupo hwemaJudha oga, akati, “Ndini Josefa, munin’ina wenyu. Ndiri munin’ina wenyu.” Zvino vakagwadama ndokutanga kudedera, vakati, “Zvino tinoziva kuti tichazviwana, nokuti takauraya munin’ina wedu. Tataura kuti takauraya munin’ina wedu, uye zvino ndiye ave mambo mukuru uyu.”

⁷³ Akati, “Mwari akazviita nechinangwa, kuti aponese hupenyu.” Ndicho chikonzero chaicho icho Mwari akazviitira, kuti aponese isu veMarudzi. Asi veMarudzi vainge vari mumuzinda. Hareruya! Akarambwa nemadzikoma aKe, Josefa, Akatora Mwenga; uye Mwenga uyu aiva weMarudzi, kwete muJudha. Zvakanaka.

⁷⁴ Zvino, muri kuendepi iko zvino? Mushure mokunge tapfeka mutumbi wakabwinyiswa uyu, uye nezera guru richauya; kana mutumbi uyu wakabwinyiswa, mutumbi uyu wekudenga waitwa mutumbi wakabwinyiswa. Munobata zvandiri kureva here iko zvino? Zvino ndinokwanisa kuendako ndoti, “Hama Neville!” Regai ndikupei kamufananidzo. Ndoti, “Hama Humes,

ngatiendei kumusoro kuna Papa mangwanani ano.” NdiMwari. TinoMuziva zvino, iYe Muponesi, iYe Mupodzi.

⁷⁵ Hakuna kumbobvira kwakava nechinhu chinonzi kusikwa kwechivi. Izvozvo hazvina kunyatsogamuchirika zvakana, handizvo here? Chivi hachisi chisikwa. Kwete, changamire! Chivi kutsveyamiswa. Pane Musiki mumwe chete, ndiMwari. Chivi kururama kwatsveyamiswa. Hupombwe chii? Kururama kwatsveyamiswa. Chii chinonzi nhema? Ichokwadi chataurwa zvisirizvo. Zvirokwazvo. Izwi rokutuka chii? Maropafadzo aMwari ahandurwa kuva shoko rokutuka kuna Mwari, pane kuva ropafadzo. Chivi hachisi chisikwa. Chivi kutsveyamiswa. Saka, Satani haaignona kusika chivi, akangotsveyamisa zvakanga zvasikwa naMwari. Ndizvozvo chaizvo. Rufu kungotsveyamiswa kwohupenyu.

⁷⁶ Zvino cherechedzai izvi, cherechedzai izvi. Ipapo ndinozofamba ndoenda, zvino ndoti, “Hama Humes, regai imi neni, naHama Beeler nedzimwe hama, handei kuna Papa, Mwari. Zvino, toti, ngatimbofambai karwendo. Imi vakomana maifarira makomo pamaiva . . .”

“Ehe, chokwadi taiafarira.”

⁷⁷ “Oo, pane mamaira mamiriyoni akati kuti awo kunze uko munyika itsva. Endai mberi, mofamba-famba maari.”

⁷⁸ “Ndinofanirwa . . . ? . . . zuva musi wega-wega, ndichikwira kumusoro. Ndinozokunzwai. Vachiri kutaura, Ndichanzwa.” Isaya 66. Ndizvozvo.

⁷⁹ Zvino munoziva, ndinenge ndichifamba neimomo, tese tofamba neimomo kwemakore angaite mazana mashanu, kangori karwendo kadiki, kemiriyoni, hazvina kana mutsauko wazvinoita, munoona. Uye zvino—zvino zvinoita sekunge kupenga, asi ichokwadi. Munoona, ichokwadi, nekuti hakuna nguva, Ziendanakuenda. Uye pandinenge ndaenda kunze ikoko, ndofamba ndichidzika ndichipfuura neikoko, zvino munoziva uyo wandi—ndi—ndinosangana naye kunze ikoko? Ndoti, “Zvino, handi here Hanzvadzi Georgie Bruce! Nhai, Hanzvadzi Georgie, yava nguva yakareba ndisati ndakuonai.” Vachingoratidzika sezvavangogara vari. Maona? Vanogona kunge vava nemakore mamiriyoni gumi, asi vachingori vechidiki sezvavangogara vari. Vanenge vachikwenya mumwe kumusana, zvino ndotarisa ipapo, ndiCheetah, shumba.

Ndoti, “Wakadiniko mangwanani ano, Cheetah?”

⁸⁰ “Miyoo,” sekamwana kekiti. “Oo, ndanga ndiri zasi uko ndichitaura nedzimwe hanzvadzi dziri uko kune maziruva mahombe zasi uko, tange tiri zasi ikoko kwemakore angaite mazana mashanu, munoona, tichiona hedu kwakapoteredza.” Zvino, zvinoita sekupenga, asi ichokwadi. Ndizvozvo chaizvo. Ndiyo nzira Mwari yaakada kuti zvinge zviri.

⁸¹ Zvakanaka, mwoyo wenyu uropafadzwe, Hanzvadzi Georgie. Hakuna chinokuvadza chingauye, hakuna zvachose. Munguva dzemanheru tichakwira pamusoro pegomo, zvino toti, “Oo Papa, Mwari, ndakambenge ndakarasika. Oo, ndakambenge ndiri mumadhaka echivi, Papa, Mwari, zvino Makandiponesa.”

⁸² Handiti, vanhu vakaedza kuzviture izvi vakasvika pakupenga. Zvino, murume uya akanyora ndima yekupedzisira yerwiyo rwunonzi *O Rudo RwaMwari*, yakanyorerwa pamadziro enzvimbo inochengeterwa mapenzi, akaedza kuratidza zviri rudo rwaMwari. Kuti Akazvideredza zvakadini kuti agoponesa vatadzi, uye kuti Akazviita sei, rudo rwaKe urwo rwakaburuka kuti rwuponese iwe neni. Chitaura pamusoro pekunamata, Ngirozi hadzina zvadzinoziva pamusoro pazvo! Kunamata, Ngirozi inongoziva bedzi. . . Inomira ipapo yofambisa-fambisa mapapiro aYo shure nemberi, nekumativi, “Hareruya! Hareruya!” Asi, oo, nhai vedu! Kana zvasvika pakuziva kuti ndaingenge ndakarasika uye zvino ndawanikwa, ndakange ndakafa, ndave mupenyu zvakare! O Mwari, ndaive chivi, ndaive madhaka, uye ndaive zasi kumarara uko!

⁸³ Hezvi zvakanakisisa izvo hupenyu hunokwanisa kukupa. Makamboenda here zasi uko kunorasirwa marara kwaColgate? Ndiyo nzvimbo inonhuwisisa yandati ndambosvika kwairi. Hutsi hwacho hunondirwarisa kungohunhuhwidza. Wakarara imomo muhutsi ihwohwo, zvichirwarisa mudumbu mako, muchipinduka-pinduka, mushure mekunge wanwa mafuta epfuta. Munooni, uchirwara zvakananyisa! Uye makonzo achimhanya pese-pese pauri, achiedza kukudya. Zvino izvozvo ndizvo zvakanakisisa zvehupenyu. Zvino mumwe munhu obva asveverera pasi okunhonga. Zvino wanga wanyatsokwegura uye usisakwanise kuzvibatsira. Zvino okunhonga okushandura kuva mukomana ane makore gumi nemasere, okugadzika pamusoro pegomo, pari pakanakisisa chaipo pehutano, ini zvangu, mweya wakanaka wekufema wakadaro, nemvura yakanaka yekunwa inotonhorera. Ungafa wakada kudzokera kumarara kuya zvekare here? Kwete, kwete, kwete, kwete kuzombofa wakadzokera ikoko kunorasirwa marara zvekare.

⁸⁴ Zvino, ndizvo zvazvinoreva, shamwari. Ndizvo izvo chiratidzo chiya, kana kuti kushandurwa, chero zvazviri, chiratidzo. Ndichati chiratidzo, nokuti ndinotyia kuti izvi zvinogona kukanganisa mumwe munhu kuti nditi kwaiva kushandurwa, ndizvo zvazvaiva. Zvino, ndipo apo Mwari. . . zvakaikwa naMwari kuti aunze vanakomana nevanasikana kwaAri. Zvino, vanhu ava ndivana ani? Ko vakamboita sei. . . Vanhu ava vakaiti kuti vakodzere izvi? Ko vakambobvira vazviita sei? Mwari, pamavambo, pasati pambova neNgirozi yakanga yatombogadzirwa. . . Vangani vanoziva kuti Iye haana magumo? Kana Asina kudaro, haAsi Mwari. Saka, Mwari, mutsitsi dzaKe dzisina magumo, Akaona kuti Rusiferi aizoitika

izvozvo, kana Asika izvi. Aizodziisa pokuti dzaizozvitorera sarudzo pachadzo, pahwaro ihwohwo. Zvino iwe uchingori ipapo, ndizvozvo, muti wezvakanaka nezvakaipa wakaiswa pamberi pemumwe nemumwe wedu, iwe unoita sarudzo yako. Zvino Rusiferi ndiye akave wekutanga kutora nzira isiri iyo. Zvino akatanga kukwezva kwaari, aine makaro, achiedza kutora zvese kuti zvive zvake, achiedza kukurira mumwe munhu. Zvino ndipo pazvakatangira. Zvino, teerera! kune izvi. Ndipo pakatangira chivi. Mwari, mupfungwa yaKe isina magumo, akazviona, zvino ndokuona nzira yoga . . .

⁸⁵ Zvino, imi hama dzetiriniti, handisi kuda kukurwadzisai, asi zvingava sei nemuZita reShoko raMwari rakanaka kuti mungaisa Jesu ari munhu akasiyana naMwari pachaKe? Toti dai Jesu aikwanisa kutora mumwe munhu womuita kuti aende kunofa, kuti adzikinure mumwe munhu uyu ari pano, Aizova munhu asina nduramo. Panongova nenzira imwe chete iyo Mwari yaaingogona kuita nayo, inova yekuti atore nzvimbo yacho pachaKe! Zvino Mwari akava nyama kuti Agoravira marwadzo erufu, kuti atore rumborera pamwe nerufu kubva kwatiri, kuti tigodzikinurwa naYe pachaKe. Ndicho chikonzero Achanamatwa zvakananyanya. Jesu aiva munhu, chokwadi Aiva ari. Aiva munhu, m-u-n-h-u, akaberekwa nemhandara Maria. Asi Mweya waiva maAri aiva Mwari asina kuganhurwa, maAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi. Aiva Jehovha-jire, Aiva Jehovha-rafa, Aiva Jehovha-manase, Aiva Jehovha; Nhowo yedu, Mudziviriri wedu, Mupodzi wedu; Aiva Arufa, Omega, Mavambo neMagumo; Aiva weKutanga, weKupedzisira; iYe Akavapo, Uyo Aripo, uye AchazoUya; Mudzi neBukira raDhavhidhi, Nyeredzi yeMambakwedza, zvirokwazvo, Aiva Zvose-muna-zvose. MaAri maigara huzaro weHumwari mumutumbi!

⁸⁶ Uye rufu rwaigara ruwine rumborera, zvokuti rwairuma vanhu, “Aa,” dhiyabhorosi anoti, “ndakubata, nokuti wakanditeerera. Ndinokuruma, ndichakuisa muguva. Iro ropa remakwai harikwanisi kukubatsira zvachose, rinongori ropa remhuka.” Asi Mwari, muhuchenjeri hwaKe, akaziva kuti kwaizova neGwayana richauya, iro rakauraiwa nyika isati yavambwa. Hongu, changamire. Uye ivo . . . Akamirira nguva iyoyo, kuti huzaro hwenguva husvike.

⁸⁷ Asi rimwe zuva apo Gwayana iri parakauya, Murume uyu, kunyangwe Satani akatotadza kuziva. Satani akangoMutarisatarisa, akati, “Kana Uri Mwanakomana waMwari, ita *izvi*. Kana Uri Mwanakomana waMwari, ita shura uye ita kuti ndiKuone uchizviita. Ita kuti ndiKuone uchizviita. Uh-huh, ndichasunga chijira kumeso kwaKe, ndoKurova. Kana Uri muporofita, tiudze kuti ndiani aKurova.” Hum! “Handidar, handitendi kuti ndiWe Muchinda wacho. Kana Uriwe, tiudze zviri pachena kuti Umbori ani.” Munoon, nezvese zvakangodaro. “Oo, tiudze kuti

ndiWe!” Haana kana kumbozarura muromo waKe. Oo, oo, ipapo Akamupofomadza kuti asazive!

⁸⁸ Akatarisa uko kwaive nemudzidzi, ndokuti, “Ndaigona kutaura kuna Baba vaNgu VaizoNditumira zviuru gumi nezviviri zveNgirozi, dai Ndaida.” Pirato haana kuzvinzwa izvozvo, munoziva.

⁸⁹ “Kana Uri! Kana Uri. Oo, handiYe. Nhai, onai Ari kujuja ropa. Hei, vamwe venyu masoja endai uko munopfira kumeso kwaKe.” Ndokupfira, vakaMuseka, vakadzura zvanza zvendebvu kubva kumeso kwaKe. “Oo, handiYe! Kwete, handiYe! Ndichanyudza rumborera rwangu maAri, vakomana. NdichaMuisa pamusoro apo. NdaKuwana zvino!”

⁹⁰ PaAkachema kekupedzisira, “Eri! Eri! Mwari Wangu! Mwari Wangu!” Aiva munhu. “Ko MaNdisiyireiko?”

⁹¹ Mubindu reGetsemani, chizoro chakaMusiya, munoziva, Aifanira kuti afe semutadzi. Akafa ari mutadzi, munozviziva izvozvo; kwete zvivi zvaKe, asi zvangu nezvako. Ndipo panouya rudo rwuya, kuti Akatora sei zvangu! Oo, hareruya, kuti Akatora sei zvangu!

⁹² Zvino hapo paAkange ari, haAna kugona kuvhura muromo waKe. Aiva nerumborera akati, “Munoziva, ndinotenda kuti anga achingova munhuwo hake. Haana kuberekwa nemhandara, nekuti ndanyatsonyudza rumborera rwangu maAri.”

⁹³ Zvino akabva auya, ndokunyatsonyudza rumborera rwake zvine simba maAri, asi yakange iri nguva isiri iyo, vakomana! Akadzurwa rumborera rwake. Haachakwanisi kuruma zvakare kubva ipapo, akasiya rumborera rwake imomo. Akamuka nezva retatu, ndokuti, “Ndini Uya akange akafa, uye ndiri mupenyu zvakare, uye mupenyu nekusingaperi, Ndine makiyi erufu nehadhesi.” Hongu, changamire. Satani akatadza kuziva kuti Uyo aiva ani. “Zvino nekuti Ndinorarama, imi munoraramawo zvakare. Hazvisati zvave kunyatsoonekwa. . .”

⁹⁴ Rimwe zuva, mazuva matatu kana mana mushure maizvozvo, shure mokunge Akwira kuna Baba, adzokazve, zvino vamwe vakati, “Oo, iYe ari. . .Iye—Iye anofanira kunge ari chipoko. Pane zvinoratidzika kunge chipoko pane Muchinda uyo. Uye isu. . . MaMuona. Muri kuona chiratidzo.”

“Kwete, Aiva Jesu chaiye.”

⁹⁵ Tomasi akati, “Regai ndione maoko aKe nezvese, ndinozokuudzai kana zviriro izvo.”

⁹⁶ Akati, “Ndiri pano.” Akati, “Mune hove nechingwa here uko? Ndiigirei sangweji.” Uye vakaMuigira sangweji, zvino Akamira ipapo ndokuidya. Akati, “Zvino, mweya unodya sekudya kwaNdaita here? Mweya une nyama nemapfupa sezvaNdinazvo here?” Maona? Akati, “Ndini iYe. Ndizvo zvandiri.”

97 Zvino Pauro akati, “Hazvisati zvatongoonekwa zvazviri kuti tinenge tiine mutumbi wakaita sei, asi tinoziva tichazova nemutumbi wakafanana newaKe.” Chii? Akambobvira Ava nemutumbi uya weShoko here? Hongu, changamire! PaAkafa, Bhaibheri rakati “Iye,” chisazita singwi zvakare, “Iye akaenda kugehena akanoparidzira mweya yaiva mutirongo.” Hareruya! Ko Akazviita sei? Aiva nemanzwiwo ekubata, Aiva nemanzwiwo ekunzwa, Aiva nemanzwiwo ekutaura, Akaparidza aine mhando imwe chete yemutumbi uyo wandakaona vava vakabwinyiswa vari mauri humwe husiku. Akaparidza kumweya yaiva mugehena, iyo isina kutendeuka mumwoyo murefu wemumazuva aNowa.

98 Asi paAkamuka paEsta, hazvaikwanisika kuti mutumbi iwoyo uone kuora, nekuti Dhavhidhi muporofita akafanozviona, “Handingasiyi mweya waKe uri mugehena, kana kuti Nditendere Mutsvene waNgu iNi kuti aone kuora. Pamusoro pazvo nyama yaNgu ichazorora mutariro, nekuti haAsiyi mweya waNgu uri mugehena, uyewo haAngasiyi Mutsvene waNgu iNi kuti aone kuora.” Uye mumaawa makumi manomwe nemaviri kuora kusati kwapinda, tiyofani iya, iwo mutumbi uya wakaenda kunoparidzira mweya yaiva mutorongo, isina kunge yatendeuka mumwoyo murefu wemumazuva aNowa, wakamuka zvakare, zvino chinofa chakapfeka kusafa, zvino Akamira uye Akadya, zvino Akatiudza kuti Aiva Munhu. Hareruya!

99 Ndiwo maonero atichaMuita, Hama Evans. Ndipo paAchange agara pachigaro chaDhavhidhi. Hareruya! Zvino ndipo patichazofamba tichikwira nekudzika zvino, ndichafamba rwendo nemi mumakomo kwemakore angaita miriyoni, munoona, anenge achingova mazuva mashoma, achingova maminiti mashomanani, tichaenda mhiri ikoko, tondogara hedu ikoko.

100 Uye pachasvika nguva yekuti tidye, munoziva, chinhu chekutanga munoziva, Hanzvadzi Wood vanoti...Ndoti, “Hanzvadzi Wood, zvakanaka, manga muripi nguva yese iyi? Handisati ndakuonai kubvira...zviri kuratidzika kwandiri kunge anga angori maminiti gumi nemashanu.”

“Oo, makore zviuru zviviri zvapfuura, Hama Branham.”

101 “Uh-huh. Muri kunzwa sei?” Oo, ndizvo haukwanise kuva nemamwe manzwiwo kusara kwekunzwa zvakanaka.

102 “Nhai, uyai pano, vakomana, ndichakuratidzai mese chimwe chinhu, hama, hama dzangu dzinodikanwa. Honai chitubu chemvura pano, yakanakisisa yamati mambonwa. Uye, oo, tichanwa mvura yakanaka inotonhorera. Ndichasveverera apo ndotemha chitsama chikuru kwazvo chemazambiringa, zvino tose tozogara pasi ipapo toadya.” Zvinenge zvisina kunakisisa here? Ndizvozvo chaizvo zvazviri. Ndizvozvo.

103 Izvi takazviwana sei? Tinozviziva sei? Mwari, nyika isati yavambwa, vakafanotitemera! Vanaani? Avo vari muNyika yevimbiso.

...akatitemera kare kuti naJesu Kristu tiitwe vana...maererano sezvaakafadzwa pakuda kwake kwakanaka,

Mukurumbidzwa kwekubwinya KwaKe...

Kuti tigoMurumbidza sezvaAkataura. Ndizvo zvaAiva, Mwari. Tinoda kuMurumbidza.

...kurumbidzwa kwekubwinya kwake kwenyasha dzake, dzaakaita hake kuti tigamuchirike mumudikanwa. Tinogamuchirwa muna Kristu.

Uyo watine dzikinuro maari neropa, iko kukanganwirwa kwe z-v-i-v-i...

104 Ndinofanira kudzokera kunyaya yekugadzwa, asi ndinoda kumbomira pa “zvivi” pano kwechinguvana. “Zvivi,” mazvicherechedza izvi here? Munoziva here kuti Mwari haapomeri mutadzi nemhaka yekutadza? Anomupomera mhaka yekuva mutadzi. Kana mutadzi akasvuta zimudzanga, haAmupomeri nokuda kwazvo; iye mutadzi, zvakadaro. Maona? Maona? Haana zvivi, mutadzi haana. Angori mutadzi, munoono, haana kana zvivi. Asi imi mune chivi, imi muri Makristu. Macherechedza here pano kuti ari kutaura kuChechi. Ichengegete yakatwasuka. Maona? Maona? “Kuregererwa kwezvivi,” z-v-i-v-i. Isu tinoita chivi. Asi mutadzi anongori mutadzi, Mwari haamuregereri.

105 Zvino, iwe unoti, “Zvakanaka, akaenda kunze uko akanopfura munhu. Muchaitei nezvazvo?” Izvozvo hazvinei nebase rangu. Handisi muvandudzi, ndiri muparidzi. Mutemo wenyika uchaona nezvazvo, ivo vavandudzi. Ivo vari... “Saka,” woti, “akaita hupombwe.” Izvozvo, izvo—izvozvo zvava kune vezvemutemo. Zviri pakati pake nemutemo wenyika. Ini—ini—ini handisi muvandudzi, handivandudzi vanhu. Ndinoda kuti vatendeuke. Ndiri muparidzi, munoono, basa rangu nderekumusvitsa kuna Mwari. Kana akatadza, inyaya yake iyoyo, angori mutadzi. Mwari vanomupomera pachiyero chepamusoro. Agara ari mutadzi kubvira pakutanga, akatongopomerwa kubvira pakutanga. Haana kutombobvira asvika pahwaro hwekutanga, iye—iye—iye hapana paari. Mutadzi kubvira pakutanga. Haana kana zvivi, angori mutadzi.

106 Hawaikwanisa kubuda woti, “Chikamu *chino* husiku, uye chikamu *chino ichi* hachisi husiku.” Kwete, hwese husiku, hungori hwese husiku. Ndizvo zvakataurwa naMwari. Ndizvozvo, anongori mutadzi, ndizvo chete. “Zvino, akaita zvakati, chikamu *ichi* husiku, *chino ichi* husiku hwakajeka

kwazvo ipo pano.” Ndinozviziva, asi hwese hungori husiku, ndizvo chete. Maona?

¹⁰⁷ Handaikwanisa kuti nditi, “Chikamu *ichi* chiedza pano apa.” Kwete, kunongori nechiyedza kwese, munooni, kwakangojeka, haukwanisi kuti kwakajeka zvakadini. Maona? Asi kana ari chikamu chakasviba mune *ichi*, zvino mune rima machiri.

¹⁰⁸ Nekudaro “zvivi,” z-v-i-v-i, tine ruregerero rwezvivi zvedu kubudikidza nechaKe (chii?) Ropa, Ropa rakakosha.

. . . maererano nekupfuma *kwake* . . .

¹⁰⁹ Tinozvikinganwa sei? Nekuti takakodzera here, tine chatakaita here kuti tiregererwe zvivi zvedu? Chii chaKe?

. . . *nyasha*;

¹¹⁰ Oo, ini zvangu! Handina chandingaunza mumaoko angu, Ishe. Handina chandaigona kuita, hapana kana chinhu chimwe chete chandaigona kuita. Tarira! Akafanonditemera, Akandidana, Akandisarudza. Handina kumbobvira ndaMusarudza. Akandisarudza, Akakusarudza, Akatisarudza tese. Hatina kuMusarudza. Jesu akati, “Hamuna kuNdisarudza, ndiNi ndakakusarudzai.” Akati, “Hakuna munhu anokwanisa kuuya kwaNdiri kusara kwekunge Baba vaNgu vamukweva kutanga, uye vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri. Uye hakuna kana mumwe wavo anorasika, kusara kwemwanakomana wekurasika, kuzadzisa ru—Rugwaro.” Muri kuona? Akati, “Asi vose vaNdakapiwa naBaba vachauya kwaNdiri.”

¹¹¹ Oo, ndave kunyanyisa kunonoka, handisi here? Uye handisati ndagona kubuda mune izvi. Handisati ndatombotanga pane izvi nazvino. Regai ndikurumidze, ndinofanira kusvika pane chimwe chinhu pano apa nekukurumidza iko zvino, zvino tokurumidza. Ndinofanira kudzokera pane kugadzwa uku munguva diki. Oo, mungandiregererawo here kwe—kwechinguvana? Ngatiwanei izvi pano, vamwe vevanhu ava vanobva kure-kure kuGeorgia vari pano kwehusiku huno chete, mwoyo wavo uropafadzwe. Zvino, hama yekuGeorgia, nekuTexas uye nechero kupi kwamunobva, teererai kune ndima 5 iyi. Ngatimbogari pairi kwemaminitsi mashoma.

Akafanotitemera kare kune—kune . . .

¹¹² Shoko rekuti “kune” rinorevei, shoko rokuti “kune”? Rinoreva kuti chimwe chinhu chatiri kuuya, kwachiri. “Ndiri kuenda kune chitubu. Ndiri kuenda kune cheya.” Humes, wazvibata here? “Ndiri kuenda kune dhesiki.”

Zvino, iYe *akafanotitemera kare kuti tiitwe* vana *vakagadzwa naJesu Kristu kwaari* pachake, maererano *sezvaakafadzwa pakuda kwaKe* Omene kwakanaka,

113 Kufadzwa kwakadini? Kwaiva kufadzwa kwaani, kunaka kwaani? Kwake Omene. Kufadzwa kwaKe Omene kweKuda kwaKe Omene!

114 Zvino, chii chinonzi “kugadzwa”? Zvino regai nditore izvi iko zvino, Handizivi kana...Handisi kuzowana nguva yekupedzeredza izvi, asi ndichazvibata. Zvino kana paine mubvunzo, munogona kuzondibvunza pamberi apo pamwewo mune imwe mharidzo, chimwewo chinhu. Teerera. Kugadzwa kwako hakusi iko kuberekwa kwako. Kugadzwa kwako ndiko kuiswa kwako panzvimo. Pawakaberekwa patsva, Johani 1:17, ndinotenda, kana taberekwa neMweya waMwari, tinova vanakomana vaMwari. Asi takafanotemerwa. Zvino izvi ndizvo zvandiri kuedza kukusvitsai kwazviri, kuitira vanakomana ava vemazuva ekupedzisira, munoona. Kuti... Maona? Takafanotemerwa kuti (tiitwe) vakagadzwa.

115 Zvino, zvino hezvino patave. Zvino, izvi ndizvo zvinoti rwadzei vechiPentekosti zvishoma. Vanoti, “Ndakaberekwa patsva! Ishe ngaArumbidzwe, ndine Mweya Mutsvene!” Zvakana. Uri mwana waMwari. Ndizvozvo. Asi zvakadaro izvozvo handizvo zvandiri kutaura pamusoro pazvo. Munoona, wakafanotemerwa kuzosvika pakugadzwa. Kugadzwa, kuiswa kwemwanakomana panzvimo yake.

116 Ndanyanyisa kuswewera pedyo neiyi, nekuti Becky akandiudza kuti ndinoswewerwa kwairi, motadza kunzwa kumashure. Ndiri... .

117 Munoona, mwana. Vangani vanoziwa mirairo yekugadzwa muTestamende Yekare? Ndizvozvo, makazvitarisa. Mwanakomana aiberekwa. Ndinotenda ndinazvo mune imwe mharidzo. Inonzii, Gene, ungarangarira here? Iri patepi. Oo, yainzi kudini? Ini—ini—ini—ini ndakanyatsozviritidza. Oo, hongu, ndaiwana, *Imi Munzwei. Imi Munzwei*; kugadzwa kwevana.

118 Zvino, muTestamende Yekare, kana mwa—kana mwana aberekwa mumhuri, aiva ari mwana apo paanoberekwa, nekuti ainge aberekwa nevabereki vake, aiva mwanakomana wemumhuri uye ari mudyi wenhaka kuzvinhu zvose. Zvino, asi mwanakomana uyu airerwa nevarairidzi. VaGaratia, chitsauko 5, ndima 17 kusvika 25. Zvakana. Airerwa nevarairidzi, vareri, vadzidzisi. Zvino, ngatitii, kana ndaiva nemwanakomana aberekwa, toti, ndiri baba uye... .

119 Zvino ndicho chikonzero muKing James, vangani vakambobvira vafunga kuti zvaiverengeka zvisinganyatsonzwisiki muManyorerwe eKing James, yakati, “Muimba yaBaba vaNgu mune dzimba dzakawanda”? Imba, dzimba dzakawanda. Maona? Chaizvozvo, muma—mumazuva ayo Bhaibheri rakadudzirirwa Mambo James, *imba* yaiva “humambo.” “*Muhumambo* hwaBaba vangu mune

dzimba dzakawanda.” Kwete muimba, dzimba, asi Vainzi Baba vehumambo uhu. Ivo vaiva nazvo sezvazviri chaizvo muBhaibheri, muBhaibheri ndiyo nzira yazviri.

120 Kana baba vainge vane zipurazi zihombe riri chiuru chemaeka, kana zvakadaro, vaiva nechikwata chevanhu vaigara nechekuno uku. Vaiva nevashandi vachigara nechekuno uku kuti vachengete makwai, vaiva nevamwe nechekuno uku kuti vachengete mombe, vaiva nevamwe kuno vaienda kunzvimbo yekumusoro uko kwaiva kure nemamaera zana, uye vaiva nevamwe nechekuno uku chaiko vachichengeta mbudzi, uye vaiva nevamwe vaichengeta manyurusi nezvinhu zvakasiyana-siyana. Ivo—ivo vaingori nehumambo hwakakura. Zvino vaikwira pakadhongi kavo votenderera kune mumwe nemumwe wavo vachiona kuti vaive vari kuita sei, kuveurwa kwemakwai nezvimwe zvese zvakadaro. Vakange vasina nguva . . .

121 Hamukwanisi kundinzwa ndikafamba ndichibva apo. Ndi—ndi—ndichaedza kugara kumashure kuno. Mave kukwanisa kundinzwa zvakanaka here zvino, pano? Tarisai.

122 Vaitasva voenda, vobva vaenda, vachiedza kuti—kuti vatarire humambo hwavo—hwavo—hwavo. Saka zvino vave kuda . . . Mwanakomana iyeye ndiye achazogara nhaka yezvese zvavainazvo. Mudyi wenhaka.

123 Uye kana taberekwa muHumambo hwaMwari, kubudikidza naJesu Kristu, tinova vagari venhaka yoKudenga, vadyi venhaka pamwe chete naJesu, nokuti Akatora nzvimbo yedu. Akava isu (chivi), kuti isu tigova iYe (kururama). Maona? Akava ini kuti ini ndigova iYe, munoona, vagari venhaka pamwe chete naYe. Zvakanaka, zvino zvirangarirei izvozvo, kune mumwe nemumwe wenyu.

124 Zvino, rangarirai, Mwari akafanokutemera, kubudikidza nekufanoziva, kuti waizosvika kune Izvi. Munhu wese ari kunzwisisa izvi, simudza ruoko rwako, munoona. Mwari, nekufanoziva, akafanokutemera kuti uuye kuNyika yevimbiso. Nyika yevimbiso chii kuMukristu nhasi? Ingosimudza ruoko rwako kana uchiziva. “Vimbiso ndeyenyu uye nekuvana venyu, nekune avo vari kure. Uye zvichaitika kuti nemazuva ekupedzisira, ndizvo zvinotaura Mwari, kuti Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose, vanakomana venyu nevanasikana venyu.” Uye muna Isaya 28:18, “Chirevo chinofanira kuva pamusoro pechirevo, mutsara pamusoro pemutsara; apa zvishoma, apo zvishoma. Batirira kune izvo zvakanaka. Nekuti nemiromo inokakama nedzimwe ndimi Ndichataura kuvanhu ava. Uye iri ndiro zororo, (zo—Zororo) nyika yesabata iyo yaNdakataura kuti vanofanira kupinda mairi. Uye, pane zvose izvi, havana kuteerera, asi vakazunguza

misoro yavo ndokufamba vachienda, vakasaZvinzwa.” Maona? Chaizvo-izvo.

¹²⁵ Chaiva chii? Zvakangofanana chaizvo nevanhu vaya vakange vauya nzira yose kubva kuKenani, kana kuti kubva kuEgipita, nzira yose kupfuura nemurenje, vakasvika pedyo-pedyo, pedyo pekuti vakaravira mazambiringa akabva munyika iyoyo. Hama, ipapo, varume ava vanoda kuti ndidzose izvozvo, zviru maererano naVaHebheru 6. Ko ndingazvitiire? Ivo vatendi vepamuganhu, havafi vakayambukira mhiri! Havakwanisi kuyambukira mhiri. Jesu akadaro.

Vakati, “Madzibaba edu akadya mana murenje.”

¹²⁶ Zvino Jesu akati, “Ivo, vese, vakafa.” Ndiko kupatsanurwa. Ivo, vese, vakafa. Ndizvozvo chaizvo. Akati, “Asi ndiNi Chingwa cheHupenyu chakabva kuna Mwari chichibva Kudenga. Munhu anodya Chingwa ichi, haafi akaona rufu. Ndizvo chaizvo. Hongu, changamire, ane Hupenyu Husingaperi kana akadya iChi, ndiNi Muti weHupenyu uya wemubindu reEdheni.”

¹²⁷ Zvino, munoona, vanhu ava vakasvika pedyo-pedyo! Munoona, kana mukacherechedza muna VaHebheru 6, tisingadzokere kwairi, asi muna VaHebheru 6, “Vanhu ava vakamboitwa vadyi, vakasvika pedyo-pedyo, uye vakaravira chipo choKudenga.” Vakagara munharaunda, vakaona kupodzwa kuchitwa, vakaona vanhu vaiva musimba raMwari, vakaona hupenyu huchishandurwa, asi hapana chavanomboita pamusoro paZvo. Kwete, changamire. Kwete, changamire. “Uye vakaravira simba renyika ichauya; uye kana vakada kuedza kuzvivandudza zvakare kusvika pakutendeuka, vachiona kuti vano—kuti vanozvirovererazve Mwanakomana waMwari patsva, uye vakayera Ropa resungano iro ravakacheneswa naro. . .”

¹²⁸ “Ndiri wechечи inotenda mukucheneswa.” Izvozvo zvakanaka semafambiro azvo, asi hauendi kure zvakakwana. Maona? Hongu, changamire. Renje rakavachenesa. Hongu, zvirokwazvo. Vakange vaine—vakange vaine nyoka yendarira uye neari—aritari yendarira, nezvese kunze ikoko, kucheneswa, asi vakapinda muParastina kuti vazore. Havana. . .

¹²⁹ Tarisai muna VaHebheru 4, haana kuti here “rimwe Zororo”? Mwari akasika zuva rechinomwe uye akavapa zororo nezuva rechinomwe. Pane imwe nzvimbo akataura pamusoro pezuva rezororo, “uye nhasi muna Dhavhidhi.” Zvino Akavapa rimwe Zororo, “Huyai kwaNdiri imi mose munoshingaira uye makaremerwa, Ndichakupai Zororo.” Pindai muZororo iri! Nokuti isu takapinda muZororo iri takazorora kumabasa edu sezvakaite Mwari kubva kune aKe pasabata. Zvirokwazvo. Hero iro sabata rako, Zororo. Hero iro Zororo rako chairu muNyika iyi yevimbiso.

¹³⁰ Mweya Mutsvene ivimbiso yevanhu. Zvino sei vachizoda vaparidzi vakadzidza vanoita zvechikoro avo vanovasiya

vachipfeka zvikabudura nekugera vhudzi ravo, vachipenda miromo, uye murume anotamba makasa achinwa hwahwa nekutaura ny'ambo, nekungodaro nekungoenderera saizvozvo, vozviti inhengo dzechechi? Handiti, vanотора chimwe chinhu chakadaro voramba hutungamiriri hweMweya Mutsvene! Handiti, Bhaibheri rakati Shoko raMwari rinopinza kukunda munondo unocheka nekumativi maviri rinocheka richipatsanura bvupa, uye rinonzvera ndangariro dzemwoyo. Hongu, kunyange ndangariro dzepfungwa!

¹³¹ Zvino kana tichida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutombori matiri. “Vazhinji vakadanwa, vashoma vakasarudzwa; nokuti suwo rakamanikana uye nzira in hete inotungamira kuHupenyu, asizve vashoma vachakwanisa kuiwana. Vazhinji vachauya kwaNdiri nezuva iroro vogara pasi muHumambo,” Jesu akadaro, “pamwe chete naAbrahama, Isaka naJakobho. Asi vana vehumambo vachakandirwa kunze, uye voti, ‘Ishe, hatina kuita izvi here nemuZita reNyu? Hatina kuparidza here? Tanga tisiri here Chiremba *Nhingi-nhingi* naMufundisi *Nhingi-nhingi*?’ Handina kubvira ndakakuzivai. Ibvai kwaNdiri, imi vaiti vezvisakarurama, haNdina kukuzivai. Havasi vese vanoti, ‘Ishe, Ishe,’ vachapinda. Asi uyo anoita Kuda kwaBaba vaNgu vari Kudenga, ndiye wacho anopinda.”

¹³² Hezvoka izvo, kupinda muNyika iyi yevimbiso. Ko tinopinda sei mairi? Takatemerwa kwairi. Chechi, nekufanoziva kwaMwari, yakafanotemerwa (kune chii?) kune kukudzwa kwaKe, kubudikidza neNyasha dzaKe, mune kubwinya, nemukunamatwa uye nemukubwinya kwaMwari. Papa, vakagara kumashure uko pamavambo, vachizviraramira vari voga, vasina chinhu chakaVapoterredza, vaida chimwe chinhu chinonamata, nekudaro Vakafanogadza uye vakafanotemera chechi, uye nyika isati yavambwa, ndokuisa mazita avo muBhuku reHupenyu reGwayana, apo ivo...rakabaiwa nyika isati yavambwa, kuti vagoonekwa mukubwinya kwaKe nemukurumbidzwa kwaKe mukuguma kwenguva, apo pachaunganidzwa zvinhu zvose muMunhu uya mumwe chete, Kristu Jesu. Fiyuu! Kubwinya! Ndizvozvo. Zvinongori... Uye ndizvo zvazviri ipapo chaipo, hama yangu, hanzvadzi. Musambofa makabva paZviri.

¹³³ Mwari, nenyasha dzaKe dzekusanangura, akakudana. Mwari, nenyasha dzaKe dzekusanangura, akakuchenesa. Mwari, nenyasha dzaKe dzekusanangura nesimba raKe, akakubhabhatidza uye akakuisa munyika iyi yeZororo. Avo vakapinda muZororo iri vamira kubva pakurasika kwavo. Vakamira kubva pamabasa avo sezvakaaitwa naMwari kune aKe. Vane mufaro usingatsananguriki, uye uzere nekubwinya! Muti weHupenyu uri kudombera mavari. Vane mwoyo murefu, hunyoro, hunaku, kutsungirira kunoitwa kutenda, kutenda, kuzviredzwa, hunyoro, nezvakadaro. Muti weHupenyu

uri kudombera mavari nekuti tariro yavo yakabairira hoko muna Kristu Jesu, huchapupu hweMweya Mutsvene huchivapupurira nezviratidzo nezvishamiso zvichitevera vanotenda. “Zviratidzo izvi zvichitevera vatendi.” Pavanenge vachienda havo, vanopodza vanorwara, vanodzinga madhimoni, vanotaura nendimi, vanoona zviratidzo. Ivo . . . Uye vanofamba naMwari, vanotaura naMwari. Hakuna dhimoni rinokwanisa kuvazunguza, vakatsunga, vachitsvaka . . . ? . . . Vachikanganwa zvinhu izvo zvekumashure, vanoshingaira vakananga panzvimbo yekudanwa kukuru kuri muna Kristu Jesu. Ndipo pavari. Ndipo pavari. Iyi ndiyo Chechi yacho.

¹³⁴ Vakasvika sei ikoko? Haukwanisi kuti, “Zvino, Ishe, Munoziva, rimwe zuva ndakatanga kusvuta midzanga, zvino ndakawa, zvino ndakafunga kuti ndaizo- . . .” Oo, kwete, kwete, kwete, kwete.

¹³⁵ Kufanotemera! Akatidana uye patakaMutevera ndipo patakati, “Mwari, taiva takarasika uye takaparara. Takanga tisina kana pfungwa yekuti tizviponese pachedu. Taiva nehunhu hwenguruve, taiva nguruve kubvira pakutanga.”

¹³⁶ Ukaenda kudanga renguruve wotarisa kunguruve hadzi yakwegura, woti, “Zvino, tarisa kuno, musikana akwegura, ndinoda kukuudza chimwe chinhu. Hazvina kunaka kuti iwe unwe mvura ine tsvina.”

¹³⁷ Iyo inozoti, “Oinki-oinki.” Maona? Zvino, izvozvo zvakangofanana nezvauri uchiedza kuzviponesa pachako. Ndizvozvo chaizvo.

¹³⁸ Woti, “Mudzimai, haufaniri kupfeka hanzu dzakaita seidzodzo, unofanira kupfeka zvakanaka. Unofanira kuita *zvakati*. Haufaniri kuenda kune . . . Haufaniri kuva nemapati aya emakasa. Haufaniri kuputa fodya. Haufaniri kuita *zvakati*. Changamire, hamufaniri kutakura *izvozvo*.”

¹³⁹ Iye anoti, “Oinki-oinki. Ini ndiri nhengo *yekuOinki-oinki*.” Uh-huh. “Oinki,” ndizvo zvega zvinenge zviri izvo zvavanoziva. “Zvino, ndinoda kukuzivisa kuti ndakanganaka sewe. Oinki-oinki!” Munoono, vanoramba hutungamiri hweMweya Mutsvene, nokuti Bhaibheri rakati kana uchida nyika kana zvinhu zvenyika, rudo rwaMwari harutombori mauri.

¹⁴⁰ Chii chinoita kuti ivo vave vakasiyana nevamwe? Muri rudzi rutsvene. Makaitai? Makapinda muchibuda mune nyika iya. Mapinda mune imwe Nyika. Makasvika sei ikoko? Ndiyo Nyika yevimbiso. Imhando ipi yevimbiso? “Zvichaitika kuti namazuva ekupedzisira, ndizvo zvinotaura Jehovha, Ndichadurura Mweya waNgu pamusoro penyama yose.” NeMweya mumwe chete tose tinobhabhatidzwa muNyika iyi imwe chete yevimbiso. Amen. Hama nehanzvadzi, hareruya, nemwoyo wakachena, usina godo,

usina ruvengo, hapana chimwe chinhu! Ini handina basa kana imwe hama ikatsauka, zvisinei nekuti aitei, unomutevera.

¹⁴¹ Ndakatevera imwe hama nguva pfupi yapfuura, yainge yatsauka. Mumwe mukomana wechidiki akati kwandiri, akati, “Regedzai nhunzvatzva iyo iende. Musiyei akadaro.”

¹⁴² Ndakati, “Kana ndikazovika pachinhanho chekuti mwoyo wangu hauchabatikani nehama yangu, ipapo inenge yave nguva yekuti ndiende paaritari, nekuti ndinenge ndawa ndichibva panyasha.” Ndakati, “Ndichaenda chero bedzi achiri kungokwanisa kufema, zvino ndichamuwana chete pane imwe nzvimbo.” Hongu, changamire. Uye ndakamuwana, hareruya, ndikamudzosa. Hongu, changamire. Akadzoka mudanga zvokuti akatochengetedzwa zvino. Hongu, changamire. Aikwanisa kunge akarasika semazvirokwazvo ari nyika.

¹⁴³ Nguva pfupi ichangopfuura pandaona mudzimai uya wechidiki anonzvisa tsitsi akagara apo, uye mukuru wemapurisa andidaida, akati, “Nhai, anofanira kunge akapfekedzwa nguwo yemupengo.” Akati, “Anongori nemamhepo, asangana musoro.” Mu—mudzimai, vamuisa muhotera. Vakauya.

Ndikati, “Zvakanaka.”

¹⁴⁴ Akati, mukuru wemapurisa akati, “Honaka, Billy!” Ndinonyatsomuziva kwazvo, uye ndakamuziva kubva ndichiri mudiki. Akati, “Kana paine chandingakwanisa kuita kuti ndikubatsire.”

Ndikati, “Zvakanaka.”

Akati, “Unokwanisa kumubatsira here?”

Ndikati, “Kwete, asi iYe anokwanisa.” Ndikati, “Mirai zvishoma.”

¹⁴⁵ Zvino vabva vamuunza kunze uko. Uye mudzimai uyu paabva hake achienda nguva pfupi yapfuura, murugare. Changa chiri chii? Tatumira munamato wabuda ukamutevera. Amen! Anga akanyatso . . .

¹⁴⁶ Vati, “Mungada kudaidza chiremba here?” Vati kumurume wake, “Ungada kudaidza chiremba here?”

¹⁴⁷ Akati, “Chiremba haana chaanokwanisa kumuitira.” Uye ndizvozvo chaizvo. Ari kupenga; chiremba haana chaanokwanisa kumuitira.

Ndokuti, “Tariro yedu yoga ndeye kuti tisvike uko.”

Zvino iye ndokuti, “Billy, izvi handizvinzwisise.”

Ndikati, “Handitarisiri kuti mudaro, munoona. Handitarisiri kuti mudaro.”

¹⁴⁸ Asi, oo, ini zvangu, kana neniwo handizvinzwisise! Kwete. Asi, hama, Mwari ari Kudenga . . . Ini ndakange ndisipo, ndiri

kunze uko imwe nguva, chimwe Chinhu chakanditevera. Amen! Kwakanga kusiri kuti ndaida kuuya, asi, kwete, Chimwe chinhu chakauya chichinditsvaka. Nekuti nyika isati yavambwa, Mwari akafanotemera, hareruya, kuti taizova vaKe, kuitira kukudzwa nekubwinya kwaKe. Teererai! Avo vaAkafanoziva, Akaita sei? Akavadana. Ndizvo here? Akakudana here? Hongu! Sei Akakudana? Akafanokuziva. Avo vaAkafanoziva, Akavadana; avo vaAkadana, Akavaruramisa. Ndizvo here? Uye avo vaAkaruramisa, Akavabwinyisa! Amen! Ndizvo zvakataurwa neBhaibheri. Avo vaAkafanoziva, Akavadana. Muchizvarwa choga-choga! Avo vaAkadana, Akatovabwinyisa nechekare. Chii? Regai ndiverenge Gwaro pano. Zvakanaka.

Akafanovatemera kare kuzova vana vakagadzwa naJesu Kristu kwaari pachake, maererano sekufadzwa kwaKe Omene. . .

Mukurumbidzwa kwekubwinya kwaKe. . .

¹⁴⁹ Oo, muri kuzvibata here? Mukurumbidzwa kwekubwinya kwaKe! Kuti Anozogara imo mumazera eKusingaperi achazoenderera mberi, uye vana vaKe vachazodanidzira, “Abha, Baba! Abha, Baba!”

¹⁵⁰ Zvino Ngirozi dzoti, “Chii chavari kutaura pamusoro pachot? Chii chavari kutaura pamusoro pachot?”

¹⁵¹ Zvakanyatsoratidzwa zvakaisvonaka mumwanakoma muparadzi. “Ndaiva ndakarasika.” “Uyu mwanakomana wangu. Akange akarasika zvino awanikwa. Akange akafa, zvino anorarama zvakare. Hunzai mhuru yakakodzwa, hanzu yakanakisisa, nemhete uye momupfekedza pamunwe wake. Uye regai. . .” Ndosaka apo nyeredzi dzemangwanani padzakaimba pamwe chete, vanakomana vaMwari vakadanidzira nemufaro, pavakaona zano reruponeso, Mwari vachiisa zita rako muBhuku nyika isati yavambwa.

¹⁵² Zvino unoti, “Calvin aitenda zvimwe zvinhu zvakadaro.” Handina kutenda Calvin. Calvin aiva mhondi. Calvin akauraya munhu nekuti ainge abhabhatidza nemuZita raJesu. Aiva nhunzvatunzva, aifanirwa kuti atendeuke, iye pachake. Hongu, changamire. Asi zvaakataura, pamusoro pezvimwe zvinhu zvaakataura, zvaiva zviri izvo. Regai. . .asi izvo iye. . .Maitiro ake, munhu anouraya mumwe munhu pamusoro pechinhu chakadaro, zvakashata kwazvo, chitori chivi. Zvakanaka.

Dzaakawanza kunesu. . .

¹⁵³ Oo, mirai, handina kubata kuya “kugadzwa,” ndadaro here? Ndanonokesa here? Regai tione kuti wachi iyi iri kumusoro kuno iri kuti kudini, kuti tine nguva yakadini. Zvakanaka. Regai—regai tingatora maminiti gumi kuitira vanhu ava vabva kure. Tarisai. Tarisai.

154 “Kugadzwa,” regai ndikuratidzei kuti zvaitirwei zvino. Baba vaiva nehumambo hukuru, vaitasva vachitenderera. Zvino vova nemwanakomana aberekwa. Oo, vanonzwa kufara zvikuru! (Uyu ndiMwari.) Saka munoziva zvaizoitwa nababa ava here? Vaiwana mureri anogonesesa, murairidzi. Munoziva kuti murairidzi chii, hamuzivi here? Mudzidzisi wekuchikoro. Vaiwana mudzidzisi wekuchikoro anogonesesa wawaikwanisa kuwana munyika yese. (Uyezve tave kuenda zvino, teerera.) Zvino vaiwana mudzidzisi anogonesesa wawaikwanisa kuwana. Havaingotora munhu asina maturo, vanoda kuti mwanakomana wavo ave muchinda chaiye.

155 Hamudi here kuti vana venyu vange vakadaro? Chokwadi, anogonesesa waungakwanisa kuvapa! Hongu, changamire. Zvino kana munhu wepanyama akafunga zvakadaro, ko munofunga kuti Mwari anofungei pamusoro pevana vaKe? Wacho anokwanisisa waAngagona kuwana.

156 Zvino, anoda murume anenge akatendeka. Zvino, haadi murume. . . murume anoti, “Zvino, tarisa, ini—ini. . . Mudiki, ingoita chero chawada kuita, mudiwa.” “Oo, hongu, baba, uh-huh, ari kuita zvakanaka, mukomana akanaka.” Owana kakubhabhadzirwa kumusana nekuiswa munhenga mungowani yake. Kwete, kwete. Muchinda uyu aizodzingwa basa ipapo. Chokwadi. Vanoda murume anenge akatendeka. Kana mukomana uyu ari kukura zvakanaka, omuudza. Kana asiri, omuudza zvaari kukanganisa.

157 Zvino kana baba vepanyika vaifunga zvakadaro. . . Haungade here munhu kunge akatendeka kwauri, murairidzi wekuchikoro kuti ave akatendeka pamusoro pevana vako? Chokwadi. Saka, munofunga kuti Mwari anofungei? Uye Anoziva; isu hatizive, Anoziva. Isu tine zivo ine muganhu, hatikwanisi kuziva. Asi iYe anoziva zvese uye anoziva.

158 Zvino, munoziva zvakaitwa naBaba? Havana kubvira vati, “Ndichatora papa kuti atarire vana vaNgu.” Uyewo haVanazve kuti, “Ndichatora mu—mubhishopi.” Kwete, kwete. Havana kudaro, nokuti Vaiziva kiti papa vaizoita zvisizvo, zvimwe chete nemubhishopi. Maona? Havana kubvira vati, “Ndichawana mutariri mukuru wavose kuti atarire machechi aNgu.” Kwete, kwete.

159 Vakatora Mweya Mutsvene. Ndiye aiva Murairidzi waVo, uh-huh, kuti arere vana vaKe. Zvakanaka. Zvino unoziva sei kuti Mweya Mutsvene unozviziva? Anotaura kubudikidza nemumiromo yemunhu. Unozoziva sei kuti Uri kutaura Chokwadi? Apo paunoona Mweya Mutsvene uchitaura nemumiromo iri kutaura Chokwadi sezvachiri nguva dzese, uchifanotaura uye zvichibva zvaitika nemazvo, sekutaura kwakaita Samueri, ipapo unobva waziva kuti iChokwadi. Zviri kubuda zvakanaka. Nekuti Mwari akati, “Kana akataura uye

zvaatura zvikasaitika, musamunzwe, nokuti haNdisi pamwe naye. Asi kana akadaro, zvino, munzwei, nekuti Ndinenge ndinaye.” Maona? Hezvoka izvo. Ndiwo maitiro aAnoita.

¹⁶⁰ Zvino, ipapo Anoenda achitenderera. Zvino, unofunga kuti Murairidzi uyu aizotaurei kana Aizofanira kuti aende kuna Baba? Zvino woti, “Vana veNyu—veNyu havasi kuzvibata zvakanaka. NdinoKuudzai, mukomana weNyu uya, iye, hum, indururani. Anongoriwo mambara, haNdisati ndamboona munhu wakadaro! Ini zvangu, Munoziva zvaanoita? Uye musikana weNyu uya! Oo, fiyuu, haNdizivi kuti Muchaiti naye. Hmm. Zvino, Munombozivei? Anoratidzika sekunge iye. . . Iye akapenda-penda sevamwe vasikana vaya veuko. VaFiristia. Hongu, Changamire, anoda kuzvibata semazvimabatire avanoita.”

“Mwanasikana wangu?”

¹⁶¹ “Hongu, mwanasikana weNyu.” Ndizvo izvo Mweya Mutsvene uri kutaura pamusoro pechechi nhasi. Ndicho chikonzero tisingakwanisi kuva nerumutsiro. Maona? Zvino, ichi ichokwadi.

“Ko mwanakomana weNyu? Hum? Zvimwe chete.”

“Watii?”

¹⁶² “Zvino, Munoziva Maigara muchitaura kuti makwai aya anofanira kufurira mumafuro aya kumusoro uko paChikafu chiya chemakwai kumusoro uko. Ehe, Munoziva zvaakaita? Akaatinhira zasi uko kune murwi wezvimasora. Akangoatinhira zasi ikoko ndokungoasiya ose mukakova, ndokuasiya akarara mumurwi uya wezvimasora, achidya mikonachando, uye akaondoroka haakwanisi kubva ikoko.” Ndiwo mabhisopi, vafudzi vanoramba Simba racho. “Zvino, NdinoKuudzai chokwadi, haNdisati ndamboona boka rakadaro remakwai rinohutahuta muhupenyu hwaNgu.” Haazvifariri izvozvo. Kwete. “Zvino Munozivei? Idzo mombe dziri kumusoro kuno, Munoziva iMi—iMi makavaudza kuti dzidye pane alfalfa iya—iya kumusoro uko, Munoziva, kuti dzigokora?”

“Ehe.”

“Munoziva here kuti ari kudzipei?”

“Kwete.”

¹⁶³ “Riya sora reironweed. Ehe. Ari kuvaita kuti vajoinhe masosaiti nezvakadaro. Hamusati mamboona zvakadaro muhupenyu hweNyu. Hamusati mamboona zvakadaro muhupenyu hweNyu hwose. Munoziva zvaari kuita? Ari kubuda kunze uko achinoputa zimudzanga, amire akarerekera shure. Ane mudzimai wake pamwe chete naye, mudzimai akapfeka chikabudura sezviri kungoitwa nemaFiristia kunze uko. Ehe.” Ndiyo mhando yeshoko Mweya Mutsvene uri kutora pamusoro pechechi nhasi. Zvino, munofungei pamusoro peizvozvo?

164 Ndiko kugadzwa kwacho. Izvo iYe...Akaitei? Akafanotitemera isu—isu kusvika pakugadzwa. Anotipa Mweya Mutsvene; asi, mira zvishomanani, kugadzwa, ndizvo zvatiri kutaura pamusoro pazvo. Kugadzwa!

165 “Zvakanaka, Munoziva zvaanoita? Mubhishopi akauyako rimwe zuva, ndokuudza. Aiva nemusangano mudiki wekupodza zasi uko, zvino mubhishopi akauya nepo. Mumwe muchinda, imwe hama yakauya nepo zvino yainamatira varwere. Zvino akati, ‘Regedza izvozvo!’

“Oo, oo, hongu, baba bhishopi, ndichadaro.’

“Musaita mushandirapamwe.’

“Oo, kwete, kwete, baba bhishopi, chokwadi kwete.’

166 “Zvino hepano Ndikauya ndokumuudza Chokwadi chiri kunyatsobva muShoko reNyu. Hona, heChinoi ichi. Ndakaverenga mitemo yeNyu kwaari chaizvo zvaanofanira kuita, uye haadi kuiteerera. Akati, ‘Oo, izvi zvakange zviri zverimwe zera, mumwe mwanakomana pane imwe nguva. Izvi hazvirevi ini.’” Handiti munooni. Izvozvo, zvino iChokwadi, shamwari. Zvino hamuoni here panopotswa nechechi kuiswa kwayo panzvimbo yayo, sei tisina rumutsiriro, sei tisina zvinhu zviri kuitika? Ndipo pairi.

167 Joshua oti, “Gadhi, ndinoda kuti iwe...imo muno chaimo ndimo mune nzvimbo yako maererano nezvinyorwa, nzvimbo yako iri pano, pano chaipo. Iwe pinda muno umu, Gadhi, wogara pano. Benjamini, iwe enda zasi uko. Zvino imi mose garirai kure nemuganhu wevaFiristia.” Zvino Joshua anodzoka, ipapo owana vari kwese-kwese muvaFiristia, vachiita mutambo mukuru une ruzha wekare, vachingotamba zvavo saizvozvo, madzimai ose achipenda-penda, vachitamba zvavo nekuva nenguva huru dzekufara. Zvino Joshua anokwenya musoro wake, oti, “Zvino chiiko?” Zvino ndizvo chaizvo zviri kuitika; kwete vese, tinotenda Mwari, kwete vese, asi vakawandisa vacho. Zvakanaka.

168 Zvino chii chinotika ipapo? Ndizvo zvakaitika. Hamungafungidziri here kuti Murume uya, Mweya Mutsvene, unonyara pamberi paBaba apo paUnenge achifanira kutaura izvozvo? Oo, ini zvangu! “Nda—Nda—Ndakamuudza, asi iye—iye—iye haana kuZviteerera. Ndakamuudza izvozvo, zvino ndokumuita kuti averenge ipapo chaipo muBhuku. Ndakave—Ndakave nemushumiri mudiki akauya ndokumuratidza kuti Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi. Uye Munozivei? Akaita kuti mumwe weavo—akaita kuti mumwe weavo vafudzi vembudzi auye kuno ndokumuudza kuti izvi zvaiva zverimwewo zera. Maona? Uye ainhuwa zvakaipa kwazvo panguva yaakasvika ikoko, nemunhuwi wembudzi, Munoziva, midzanga, uye Munoziva, nezvakaadaro, ainhuwa zvakaipa kwazvo paakasvika kuno. Maona? Asi NdinoKuudzai,

mufudzi wembudzi uya aiva nemamenduru akawanda ainge akabayirirwa paari, zvekuti, NdinoKuudzai, dai Maizonyora zita rake pabepa, zvaizatora (nhoroondo yehupenyu hwake) zvaizozadza hafu yebepa kuisa madunhurirwa ake. Hongu, Changamire, ivo vanomufarira kwazvo ikoko munyika iyoyo, asi, NdinoKuudzai, chokwadi haazive kuti makwai anopiwa chikafu sei. Ndicho chinhu chimwe chete pamusoro pazvo. Haatombodi kuNditeerera,” ndizvo zvinotaura Mweya Mutsvene. “Ndakaedza kumuudza kuti Muri mumwe chete zuro, nhasi, nekusingapere, asi iye—iye haatombodi kuzviita. Ndiye mbwende hurusa yaNdati ndamboona muhupenyu hwaNgu. Ehe. Uye chechi yakamuita mutariri mukuru, mubhishopi, nezvakadaro, vanhu vose vari kumuteerera. Uyezve Munozivei? Vanatora chiya . . . vane chimwe chinhu chiduku chekare zasi ikoko chavanodaedza kuti ‘terevhizheni’. Ukabatidza chinhu ichocho chiduku chekare saizvozvo, zvino—zvino madzimai acho anobva auya achingoenderera, vaine mhando dzese dzehembe pfupi. Uye, Munoziva, vazhinji vevanasikana veNyu vari kuteve- . . .”

“Oo, chokwadi havangadaro!” Maona?

¹⁶⁹ Woti, “Hongu, vari kudaro. Hongu, vari kuzviita. Haa. Vamwe vavo vari kuchemera rumutsiro, Baba, vamwe vavo vari kunyatsorwuda. Vamwe vavo vari kunyatsofamba zvakatwasuka, vamwe vavo vakamira vakanyatsotendeka paShoko iroro semagonero avo. Vamwewo, haNdizivi zvokuita, vari—vari kunze kure uko. Munoziva zviri kuitwa nevamwe vacho? Vari kuvaseka, vachiti, ‘Vanongova boka remipengo.’”

“Zvino, izvozvo zvinoNdiita kuti ndisanzwa zvakanaka kwazvo.”

¹⁷⁰ Asi zvino ngatishandurei mufananidzo wacho. Zvino Baba ava, mwanakomana waVo mukomana akanaka. Baba vake vatori—vatori chaipo ipapo, heuno Murairidzi, Mweya Mutsvene. Kuchaendwa nako neMweya Mutsvene, iYe akati, “Ini ndichafamba,” Murairidzi akati, “Ndiri . . .”

¹⁷¹ Mwana akati, “Ndichafamba pamwe chete neMi. Ndichaenda pamwe chete neMi.”

“Oo, chikomo chirefu zvakananyanya, mwanangu.”

¹⁷² “Ndichaenda pamwe chete neMi. Ini ndinovimba neMi. Kana ndikatanga kuneta, Anosimudza ruoko rwangu oramba akandibata.”

“Asi kune shumba pamusoro pechikomo icho!”

¹⁷³ “Hazvina basa chero bedzi Muripo, hazvina kana mutsauko wazvinoita. Ndiri kufamba pamwe chete neMi.”

“Pane dambudziko pamusoro apo, pane matombo anotsvedza.”

174 “Handina hanyin’a nazvo, chero bedzi iMi makabata ruoko rwangu, ndichafamba pamwe chete neMi. Ndichafamba pamwe chete neMi.”

“Oo, unozivei? Baba vako vaisimbodaro, unoona. Izvozvo zvakanaka. Hongu, changamire.”

175 Ndokukwira pamusoro pechikomo ipapo. “Oo,” Akati, “Munombozivei, Baba? Mwanakomana wenyu akanyatsofanana nemi. Iye zvmazvirokwazvo, akanyatsofanana neMi. Shoko rega-rega raMunotaura, iye anoti ‘ameni’ kwaRiri. Ini—Ini ndakamuita kuti avhure muBhaibheri rimwe zuva, iRo rikati, ‘Jesu Kristu mumwe chete zuro, nhasi, nokusingaperi.’ Munoziva zvaakataura? Akadanidzira ndokukandira maoko ake mudenga, ndokuti, ‘Hareruya! Ameni!’ Oo! Uye Munoziva Rakati pano, mu—muShoko reNyu, Munoziva, paMakati, ‘Mabasa, uyo anotenda maNdiri, mabasa aNdinoita naiye achaitawo zvakare?’”

176 “Ehe, Ndinorangarira ndichinyorera izvozvo kumwanakomana waNgu. Ehe, Ndinoyeuka ndichizvinyora Izvozvo.”

177 “Oo, paakaona izvozvo, akangodanidzira ndokusvetuka-svetuka, akadanidzira, ‘Hareruya, Ishe. Bvisai nyika yose mandiri. Ndiitei saiZvozvo!’ Hongu, Changamire. Nezvinhu zvose izvozvo zvaakaita!”

178 “Oo,” Baba vakazvitaura, “Ndi—Ndinofara nemwanakomana uyu. Uyu mwanakomana akanaka. Zvakanaka. Ramba wakamutarisa kwemakore mashoma, woona kuti iye—woona kuti iye anobuda zvakadini, uye anofambira mberi sei.” Shure kwechinguva makore anopfura. “Ari kuita zvakadini?”

179 “Oo, ini zvangu, ari kutokura munyasha! Oo, ini zvangu! Angori... Ari kupisa masango. NdinoKuudzai, ari—ari zvmazvirokwazvo... Handiti, anatora makwai, anokwanisa kuabata sezva—sezvaMunongoita. Haafi akaapa masora emugungwa. Haafi akaapa sora reironweed. Pavanouya, vachiti ‘tinoda kujoinha chechi’; anoti, ‘Vharai miromo yenyu, handizvo zvamunoda! Kwete, changamire. Hezvinoini izvi zvamunoda, “Tendeukai uye mubhabhatidzwe, mumwe nemumwe wenyu, nemuZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi zvenyu. Muchagamuchira chipo choMweya Mutsvene.”” Hongu, Changamire, izvi ndizvo zvaakataura.”

“Oo, anyatsotaura izvozvo here?”

“Hongu, Changamire, zvirokwazvo anodaro.”

“Zvakanaka, ndizvo chaizvo semanyorero aNdakaZviita.”

“Ndiyo nzira chaiyo yaanoZvitaura nayo.”

“Hum!” Hongu, Changamire.

¹⁸⁰ “Vamwe vavo vakati, ‘Mirirai muri muguta reJerusarema kusvikira mazadzwa nesimba rinobva Kumusoro. Kubvira pakauya Mweya Mutsvene pamusoro penyu, muve zvapupu zvaNgu muJerusarema, muJudhea nemuSamaria, uye nekunzvimbo dziri kure-kure munyika.’ Paakaverenga izvozvo, akadanidzira, ‘Hareruya, ndizvo zvamunoda!’ Munoziva kuti anoita sei? Anongovaendesa zasi ipapo chaipo kusvikira vaUwana, ndizvo chete, ogonyatsogara ipapo navo.

¹⁸¹ “Uye vakatanga kukakavadzana, anoti, ‘Hoo, hoo, hoo, mirai zvishoma, mirai zvishoma. Ndizvo zvinoitwa nembudzi, kwete nemakwai. Maona? Maona?’ Oo, dzimwe nguva vanonzwa kusvotwa naye zvishoma, asi iye anovati bhahadzirei pamusana pavo zvishoma, oti, ‘Mirai zvishoma, sh-sh, sh-sh, sh. Zvakana.’ Anonyatsoziva kuti makwai anodzorwa sei. Hongu, Changamire, NdinoKuudzai.

¹⁸² “Munozivei? Ndakaona Achibhishopi *Nhingi-nhingi* achimuudza kuti ‘haakwanisi kuuya muguta rino kuti aite musangano.’ Asi, Munoziva, Ndakamutungamira, Ndikati, ‘Enda zvakadaro.’ Maona? ‘Dzora matepi aya, usaarega achibuda.’ Takangoenda zvakadaro! Takaenda kumaguta aya kuno, vakati, ‘Zvirokwazvo, isu hatisi kuzotsi- . . .’

¹⁸³ “Uye Munoziva, dhiyabhore akasvika zasi ikoko, akati, ‘Ndinokubhejera iWe ndinokwanisa kumuita kuti asapinde muguta iroro.’ Ndikati, ‘Haukwanisi kuzviita. Kana Ndikamuudza kuti aende, anoenda. Ndinokubhejera anoenda.’ ‘Kwete, kwete, kwete, kwete, kwete, ndichamuudza. Ndichadzikako ndonoti, “Zvino, vamiririri vangu mese, unganai mose pamwe chete. Hamudi kana chimwe chete chezvukupengereka kuya zasi kuno, zvose zviya zvakare-kare zvekupodza kwaMwari nezviya zveMweya Mutsvene. Zvakapfuura kare nevaapostora makore akapfuura. Munoziva hazvichabatsiri, kumashure uko.”’ Achiedza kuvapa sora reironweed, zvose zvakadaro. Ivo . . .

¹⁸⁴ “Asi, Munozivei, akaenda zasi ikoko zvakadaro. Akaenda zasi ikoko akatanga kukanda huswa hwealfalfa, kubva . . . Zvino Munozivei, makwai aya akabva atanga kudya, ave kukora zvekutokora zviya. Hongu, Changamire. Apo pavari kuva nekupodza nemisangano uye, Munoziva, vazhinji machinda echidiki vakatanga. Handiti, vakatoona kuti vangatora here chitsama chikuru chehuswa huya hwealfalfa. Munoziva kuti vakaitei nahwo? Hwakange hwakanaka kwazvo zvokuti vakamhanya nahwo kuvavakidzani vavo, vakati, ‘Ravirai iZvi! Ravirai iZvi! Ravirai iZvi!’ Munoono, hupo hweikoko hwange huchinzwika chaizvo sezvinongori uhu huri ipo pano. HeUno ipo pano chaipo. Pano chaipo ndipo paHuri, munoono. ‘Ingotendeukai, mumwe nemumwe wenyu, mubhabhatidzwe nemuZita raJesu, munoono, munowana Mweya Mutsvene.

Ndewaani naani anoda, ngaauye, ngaauye pano kuti aone zvakataurwa neBhaibheri.’ Maona? Uye vari kungova nenguva dzakanaka kwazvo zasi uko.”

185 “Oo, ndiye Mwanakomana waNgu! Ndiye mukomana waNgu. Zvakanaka, Unofunga kuti anyatsobva zera here?”

186 “Ehe. Chokwadi ndizvo,” wakadaro Mweya Mutsvene. “Ndakamupa miyedzo. Vakomana, Ndakamuedza nenzira *iyi*, Ndikamuedza nenzira *iyi*. Ndakambomukandira pasi, nohurwere, Ndakamuisa pasi. Ndakamutsika-tsika, Ndakaita kuti dhiyabhore aite zvese kwaari zvaaikwanisa kuita, akanyatsosimuka ndokumira zvakare. Aingouya zvakadaro. Munoono, aingomuka zvakare. Ndakamurwarisa. Ndakaita *ichi*. Ndakamukanda muchipatara. Ndakamutora kunze kuno Ndikaita *ichi*, Ndikaita *icho*. Ndakaita kuti mudzimai wake apesane naye, Ndakaita kuti vavakidzani vake vapesane naye, Ndakapesanisa nezvese. Izvozvo hazvina kana musiyano wazvakaita. Akati, ‘Kunyangwe Akandiuraya, zvakadaro ndichavimba naYe.’ Ndakauraya mhuri yake. Ndakatora *ichi*, Ndikaita *ichi*, Ndokuita zvese *izvi*, Ndakaita *izvi*, *izvo*, nezvimwewo. Zvakadaro akangoramba akamira, ‘Kunyangwe Akandiuraya, zvakadaro ndichangoMushumira! Ndewangu!’”

187 “Oo! Saka, Ndinotenda kuti Tinofanira kumushevedza kune kamwe kanzvimbo kakasanangurwa toita mutambo wekugadza mwana.”

188 Zvino, apo baba, muTestamende Yakare, vanzwisisa kuti mwanakomana wavo abva zera, uye adzidziswa zvakakwana zvokusvika pakugadzwa. Pakuva! Vanoberekwa vari vana, asi, kana ave mwanakomana ipapo. Asi asati asvikapo haazombova zvinodarika kunge angori mwana, angori mwanakomanawo zvake, kusvikira abva zera uye nekuratidza zvaari. Zvadaro, vaizomushevedza kunze ipapo.

189 Zvino ndipo patave, chechi. Magadzirira here? Zvino nguva yati pere, munhu wese ruma munwe wako, tsunya mweya wako, dzura mwoyo wako, kwekanguva kadiki. Maona? Zvino tinoda kuisa chechi panzvimbo. Zvino kana chechi yasvika panzvimbo iyoyi, Anoti, “Manase, pako ndekuno uku. Efraimi, uri nechekuno uku.”

190 Zvino vaimutora vomuendesa kune imwewo nzvimbo, baba vaidaro, uye vaimugarisa panzvimbo yakakwirira seizvi, zvino voita mutambo, zvino vose vaizouyapo. Zvino vaiti, “Ndinoda kuti munhu wese azive kuti uyu mwana wangu, zvino ndave kugadza mwanakomana wangu. Uye ndinoda kuti chero munhu azive, kubva zvino, kuti zita rake... Ndamupfekedza, hanzu yakatsaurwa paari. Uye ndinoda kuti muzive kuti zita rake rakangofanana nerangu pane chero hayo cheki. Uye mwana wangu, ndinomugadza mumhuri yangu, kunyangwe anga ari mwanakomana wangu kubvira

paakaberekwa. Kubvira paakagamuchira Mweya Mutsvene, anga ari mwanakomana waNgu. Asi zvino Ndave kumuisa munzvimbo yesimba. Waadzinga pabasa anenge adzingwa, waapinza basa anenge atopinda pabasa:

¹⁹¹ “Uye zvirokwasvo, zvirokwasvo, ndinoti kwamuri, kana ukati kumuti uyu, kana ukati kugomo iri, ‘ibva,’ uye worega kupokana mumwoyo mako, asi wotenda kuti zvawataura zvichaitika, unogona kuva nezvawataura.” Maona? Hezvoka izvo; hezvoka izvo. Maona? “Ndiye mwanakomana waNgu.” Vangani vanoziva kuti kugadzwa, kuti...vaigadza mwanakomana mushure mokunge aratidza kuva...Munhu wese ati amboverenga Bhaibheri, kuiswa panzvimbo kwemwanakomana.

¹⁹² Zvino, Mwari akaita chinhu chimwe chete kuMwanakomana waKe apo Akatora Jesu kumusoro muGomo roKushandurwa. Akatora Petro, Jakobho naJohani kumusoro ikoko, ndizvo zvapupu zvitatu zvepanyika. Paiva naJesu, Mosesi naEria, naMwari, pamusoro pegomo. Ipapo vakamirapo pamusoro pegomo. Zvino, chinhu chekutanga munoziva, vakatarisa, zvino Jesu akabwinyiswa pamberi pavo. Ndizvozvo here? Vangani vanoziva kuti izvozvo iGwaro? Chii chaAkaita? Iye—Iye akamupfekedza hanzu yekusafa. Uye akati, “Nguwo yaKe yakapenya sezuva.” Ndizvozvo here? Zvino gore rakavafukidza. Zvino Petro naJohani nevamwe, vakawira pasi nezviso zvavo. Zvino vakatarisa, ipapo pakamira Mosesi naEria, vachitaura naYe. Zvino Mosesi akange afa, avigwa mubwiro risingazivikanwi kwemakore mazana masere. Zvino Eria akange aenda Kudenga nengoro yemoto, makore mazana mashanu izvi zvisati zvaitika. Fiyuu! Asi vakange vachingoripo! Hepo pavaiva vachitaura naYe. Munoono, Akange akwidza Jesu kumusoro kuti avaone, kuti aone kuti zvakanga zviri zvei, aone ipapo, ndokuMuratidza zvinhu izvi. Zvino vakataura naYe, vakave nehurukuro naYe.

¹⁹³ Zvadaro Petro achingotarizazve zvakare kubwinya kuya kwakange kwabva pana Jesu, vakaona Jesu ari oga, zvino Izwi rakabva mugore riya, rikati, “Uyu ndiye Mwanakomana waNgu anodikanwa, Munzwei! Zita raKe rangofanana neraNgu zvino. Munzwei!” Ndizvozvo, vanakomana vakagadzwa, kana vakaiswa panzvimbo.

¹⁹⁴ Zvino, ndipo apo Mwari ari kuedza kuti chechi yePentekosti ive muBhuku raVaEfeso. Maona? Muri, muri kunzwisisa here? Tinofanira kuti tichivhara nekuti tave kupererwa zvakanyanya nenguva, munoono, pwere dzave kubatwa nehope. Zvino ndanga ndichida kusvika zasi apa pandima iri ipo pano, asi handichakwanisi kuzviita, kusvikira pa—pandima 13, munoono, chikamu chekupedzisira, “kusimbiswa neMweya Mutsvene wevimbo.” Tichazvitora nemusi weSvondo, munoono.

Tarisai. Zvino, kuti sei, chii chinotiunza mukati, uye kuti tinochengetedzwa sei nelzvi.

¹⁹⁵ Asi zvino “kuisa panzvimbo,” unoitwa sei? Unotanga waberekwa muHumambo neMweya Mutsvene. Vangani vanozviziva izvozvo? Zvakanaka. Chinotevera, wakafanotemerwa kusvika pachii? Kugadzwa. Chiri chii? Wakafanotemerwa kuti ugoiswa panzvimbo.

¹⁹⁶ Oo, Hanzvadzi Scott, ndinotenda ndivo, vagere pano. Hamusirimi manga muri kumba nhasi here? Imwe dzidziso iri kutenderera pane imwe nzvimbo panyika, nekunzvimbo dzakasiyana-siyana dzenyika ino, ndakanzwa nezvayo, kakawanda, kuti Jesu ari pano panyika, ari kufamba ari mumutumbi, Anouya zvino oita *zvakati*. Izvozvo inhema! Mweya Mutsvene waKe uri pano, uye Ari kuedza kuisa Chechi yaKe panzvimbo, kuisa Chechi yaKe ive muhurongwa, nokuiisa muNyika yevimbiso, kuti vakwanise kupinda...kuti vavengi vose vadzingirwe kunze.

¹⁹⁷ Manase ari kutadza kutora nyika yake. Handikwanisi kuva neshumiro yekupodza varwere kana hafu yeavo... apo avo... Ndinobuda kunze uko ndoparidza rubhabhatidzo nemuZita raJesu Kristu, zvino—zvino hama dzetiriniti dzichiti, “Oo, angori muJesus Only.” Uye handikwanisi kuenda kuno uku ndova nekupodza kwaMwari kana hafu yavo vachiti, “Kupodza kwaMwari kwakanaka hako,” nevazhinji vavo vanofarira minana yaShe vobva vati, “Zvakanaka, ndinotenda kuti Hama Branham muporofita, asi regai ndikuudzei chimwe chinhu. Kana Mweya ungori bedzi pavari, pavanenge vachinzvera, vanenge vari muranda waShe. Asi Dzidziso yavo yakaora, halna kunaka.” Ndiani akambobvira anzwa marara akadaro? Zvinofanirwa kuve zvaMwari kana kuti hazvisi zvaMwari. Ndizvozvo chaizvo. Zvinofanirwa kuti zvose zvive Mwari kana kuti hazvisi Mwari. Ndizvo zvazviri. Asi uchawana sei? Manase haadi kuchengeta nzvimbo yake, Efraimi haadi kuchengeta nzvimbo yake, Gadhi haadi kuchengeta nzvimbo yake, Benjamini haadi kuchengeta nzvimbo yake, vose vari kumhanyidzana kunze kuno nevaFiristia, uye vese vangosangana-sangana. Ko tichaiswa panzvimbo sei? Asi takazvarwa neMweya Mutsvene, isu tese. Ndizvo here? Takaberekerwa kuchii? Kufanotemerwa...Zvino shure kwekuberekwa, takafanotemerwa kusvika mukugadzwa, kuti tiiswe muMutumbi waKristu. Munoono zvandinoreva here?

¹⁹⁸ Chii Mutumbi waKristu? Vamwe vaapostori, vamwe vaporofita, vamwe vadzidzisi, vamwe vavhangeri, uye vamwe vafudzi. Ndizvozvo here? Zvatakadanirwa kwazviri. Vamwe vane zvipo zvendimi, kududzirwa kwendimi, huchenjeri, zivo, zvishamiso, kushanda zvishamiso, zvese izvi zvipo zvakasiyana. Zvino vakaitei? Vakazvishandisa kwekanguva kadiki. Chii? Ndokurega zvichingoenderera zvisina anodzora saizvozvo

sezvandisati ndamboziva. Mumwe anosimuka, otaura nendimi, mumwewo oenderera mberi, achitaura, “Blrr, blrr, blrr, blrr, blee” Uh-huh. Muparidzi anenge achiparidza, achidanira vanhu kuti vauye paaritari, zvino mumwewo munhu osimuka, otaura nendimi uye “Hareruya, kubwinya kuna Mwari.” Kana mu—kana muparidzi akaenderera mberi nemharidzo yake, akazodzwa, zvino vanhu vanoti, “wekare akadzokera shure.” Munoono, nokuda kwechikonzero chokuti havana kudzidziswa.

¹⁹⁹ Bhaibheri rakati mweya wevaporofita uri pasi pemuporofita. Mwari haasi muvambi wenyonganiso. Kana ndichinge ndakamira pano, kana mushumiri pano ari pasi pechizoro chaMwari. Zvisinei kuti uri kuda zvakadini kutaura nendimi, unofanira kunyarara kusvikira Mwari apedza pano. Ipapo kana uchitaura nendimi, hakufaniri kunge kuri kungodzokororwa kwerimwe Gwaro, nokuti Mwari akati usashandise kudzokorodza-dzokorodza kusina maturo. Asi ishoko rakanangana nemumwe munhu. Ndibvunze imwe nguva, nongedzera pane imwe nguva apo Mweya Mutsvene wakambobvira, pasi pekunzvera, pawakaudza mumwe munhu, ndokudzokorodza-dzokorodza Gwaro kakawanda. Wakavaudza chimwe chinhu chakange chakakanganisika navo uye chimwe chinhu chavakange vaita, nechimwe chinhu chavanofanira kuita kana chimwe chinhu chaifanira kuitika, kana chimwe chakaita saizvozvo. Ndizvozvo here?

²⁰⁰ Saka ndizvo zvimwe chetezvo nekutaura nendimi nekudzidudzira! Kana paine mumwe muchechi anotaura nendimi, uye mumwewo achidzidudzira, ngadzitaure seizvi. Regai Hama Neville vasimuke votaura nendimi, zvino hama iyi iri pano yopa dudziro yacho, voti, “Udzai murume ari pano uyu kuti nezuro akabuda kuno uku akaita chimwe chinhu chaaisafanira kunge akaita. Zvino chiremba vamuudza nhasi kuti ane kenza. Enda unogadzirisa chinhu ichocho, wodzoka pano wogadzirisa naMwari.”

Murume wacho anozoti, “Zvirokwazvo, ichi ichokwadi.” Zvino Mwari anemi.

²⁰¹ Asi tichazviita sei nenzira iyi? Maona? Zvingori, “Blmp, blrr, blrr, blrr.” Zvisina kutomborongeka zvachose, nenzira ipi zvayo, hapana kuiswa panzvimbo zvachose. Zvino izvi... Munoono, VaEfeso, vari kuedza... Munoono, vanozvipotsa izvozvo. Munoono kuti vanozvipotsa sei? Takafanotemerwa kusvika mukugadzwa kwevanakomana! Zvino vangani vari kunzwisisa zvandiri kureva, simudza ruwoko rwako. Kugadzwa! Tinoberekwa muMweya waMwari, chokwadi, togamuchira Mweya Mutsvene, uye tochemu, “Abha, Baba! Hareruya! Kubwinya kuna Mwari!” Tiri, ndizvozvo chaizvo, tiri vana, asi hatina kwatinokwanisa kusvika. Hatikwanisi kukunda muFiristia.

²⁰² Tarirai kuna Billy Graham akamira uko. NemuMohamedhi uya achiti, “Zviratidze.”

²⁰³ Tarirai kuna Jack Coe akamira zasi uko. Zvino uya asingatendi munaMwari, uya wechurch of Christ achikwazisana maoko nemunhu uya asingatendi munaMwari kunze uko, vachibatana ruwoko. Anotarisirwa kunge ari Mukristu, achikwazisana maoko nadhiyabhore akaita saJoe Lewis, uyo anongofunga zvaada, achitosvika pakutuka Mwari achiti “hakuna chinhu chakafanana naMwari, nenzira ipi zvayo, kubvira pakutanga,” nezvimwe zvakadaro. Zvino chechi inozvidaida kuti church of Christ, vachikwazisana maoko naye, uye vachitora rutivi rumwe chete mukupesana naHama Jack Coe. Ko tichakwanisa sei kuita kana chero chinhu? NemaPentekosti, vazhinji vavo, vachimupikisa; apo, muparidzi woga-woga ari munyika yedu aifanira kunge akamira achimutsigira zvizere, uye achiti, “Mwari, tumirai pasi Simba reNyu.” Munoono, ndipo patiri, paisingakwanisi kuti iiswe panzvimbo.

²⁰⁴ Efraimi haadi kugara. Mumwe wavo anoenda nechekuno uku, toona Manase achiuya nechekuno uku, oti, “Oo, ini zvangu, Ishe vakandipa munda wechibage wakanaka!” Zvino kwouya nechekuno, Gadhi, oti, “Zvakanaka, zvino, mira zvisoma. Ndinotarisirwa kunge ndichirima otsi, asi ndicharimawo chibage zvakare. Hareruya!” Muri kuona? Haunei nechekuita nechibage; wana otsi, otsi ndicho chikamu chako chekurima. Haufanirwi kufudza makwai kana uri kufanirwa kunge uchifudza mombe. Mwari anoda kuisa chechi panzvimbo yayo. Asi mumwe nemumwe wavo vanoda kuita chinhu chimwe chete. “Hareruya!” Uye hapana chinhu chaunokwanisa kuvaudza pamusoro pazvo. Kwete, kwete. Vachiine hunhu huya hwembudzi, “Dhu, dhu, dhu, dhu, dhu, dhu, dhu.” Munoono, haukwani kuvaudza. Ndizvozvo chaizvo. Zvino, hazvisi chokwadi here? Zvino haukwani kuisa chechi iyi panzvimbo. Maona?

²⁰⁵ Chechi inofanirwa kunge yakatemerwa kusvika pakugadzwa kwevana, apo munhu . . . Mwari anokwanisa kutora munhu omugadza mumhuri, zvino omupa chimwe chinhu. Ichocho, kutanga, chiedzei muone kana chiri icho. Bhaibheri rakati edzai mweya. Munhu uyu akati ane chimwe chinhu, chiedzei muone kana chiri icho. Kana chiri icho, fambai pamwe nacho. Ipapo mozoti, “Ishe, titumireiwo chimwezve.” Rambai muchifamba, munoono, ingorambai muchifamba kusvikira mumwe munhu wese atora nzvimbo yake. Ipapo muchazoono chechi yaMwari ichitanga kutora nzvimbo yayo. Ipapo ndipo maFiristia anotanga kutiza. Zvikabudura zvinobva, vhudzi rinokura richiremba pasi, zviso zvinogezwa; midzanga inoshayikwa. Ndizvozvo. Kana Chechi yotanga kupinda muSimba rayo guru, kana tiina Ananiasi naSafira, nevamwe

vashoma vavo. Hongu, changamire. Muchaona apo Chechi iyi tsvene yamira pamwe chete muSimba raKe, yakaiswa panzvimbo yayo sevanakomana vaMwari, vakagadzwa mumhuri yaMwari, Chechi ine simba yakamira ipapo mukubwinya kwayo. Oo, ndiyo yaAri kuuyira.

²⁰⁶ Munoona kuti tiri kure zvakadini, hama? Hamusi kutombokwanisa kuwirirana paGwaro. Uye munhu upi zvake, munhu upi zvake asingakwanisi kuona rubhabhatidzo rwemumvura muBhaibheri, nemuZita raJesu Kristu, anogona kunge ari bofu kana kuti akakanganisika pfungwa. Ndizvozvo. Zvino ndipo pane kurwisana kukuru.

²⁰⁷ Ndicha—ndichaudza munhu upi zvake achandiunzira chero Gwaro apo mumwe munhu akambobvira abhabhatidzwa mune rimwe zita kunze kweZita raJesu Kristu, muchechi itsva. Kana, akabhabhatidzwa neimwewo nzira, aifanira kubhabhatidzwa zvakare nemuZita raJesu Kristu, kuti awane Mweya Mutsvene. Uya undiratidze. Hakuna zvakadaro. Hakuna kutumwa kwakadaro. Apo Jesu akati panzvimbo iyo, “Endai saizvozvo, dzidzisai ndudzi dzese, muchivabhabhatidza nemuZita raBaba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene.” Baba, Mwanakomana, kana Mweya Mutsvene, hapana rimwe chete riri zita, hapana kana rimwe. Petro akashanduka, mazuva anegumi chaiwo akatevera, akati, “Tendeukai, mubhabhatidzwe, mumwe nemumwe wenyu, nemuZita raJesu Kristu, kuti muregererwe zvivi.” Uye nepose muBhaibheri.

²⁰⁸ Zvino pano pane vamwe vakabhabhatidzwa zasi uko, neimwewo nzira, naJohani, mukungotendeuka chete. Pauro akati, “Munofanira kubhabhatidzwa zvakare. Munofanira kudzokazve.”

²⁰⁹ “Oo, asi takabhabhatidzwa nemurume mutsvene mukuru, Johani. Ndiye akabhabhatidza Jesu.”

²¹⁰ “Zvakanaka, iri ndiro Vhangeri. Uyu ndiwo Mweya waMwari wakazarurwa kwandiri. Ndiri muapostora waShe, uye kana ngirozi inobva Kudenga ikauya yoparidza zvimwewo . . .”

²¹¹ Regai ndizviverenge izvozvo. Bhaibheri rakati, “Kana ngi . . .” Pauro akati, “Kana ngirozi inobva Kudenga ikataura zvimwewo,” bhishopi, achibhishopi, papa, mutariri mukuru, chero chipi chaangadaro ari, “kana akaparidza zvimwewo zvakasiyana neiZvi zvandakakuparidzirai, ngaave wakatukwa.” Hakuna . . . Hatina tsika dzakadaro. Kwete, changamire. Munongo . . . Hakutongorina nechinhu chakadaro. Iwe, isu . . . Uye zvino—zvino, munoona, sei vanhu vachitadza kuzviona izvozvo? Sei vanhu vasingadaro—vasingadaro, vasingazvitendi izvozvo? [Mumwe munhu muungano anoti, “Kufanotemerwa”—Mupepeti] Maona? Pane mumwe anyatsonanga nepo chaipo, Gene. “Kufanotemerwa,” ndizvozvo chaizvo. Sei? “Vose vaNdakapiwa naBaba vacha” (dini?) “uya kwaNdiri.”

Zvakanyatsonanga chaizvo! “Vose vaNdakapiwa naBaba vachauya, vachauya kwaNdiri.” Chii chiri kundinetsa, ndichiedza kutsvaka pano? Hezvinoi pano. Zvakanaka.

²¹² Regai ndingoverenga ndima iyi uye ndinozokuudzai izvo Pauro, zvinhu izvo... Mharidzo imwe cheteyo yandaparidza husiku huno, hezvinoi zvakataurwa naPauro pamusoro pekufanotemerwa, pamusoro perubhabhatidzo mumvura nemuZita raJesu, rubhabhatidzo rwoMweya Mutsvene, hurongwa hwemucheche, nezvakadaro. Hezvinoi zvaakataura.

*Ndinoshamiswa (achiudza vaGaratia ava)
kuti munochimbudzika kubviswa kuna uyo
wakakudanai kune... nyasha dzaKristu...
(Ndinonyara zvakananyanya nemi, nemamwe mashoko,
kuti makatendera mumwe munhu kuti auye
achikutsautsai kubva pane iYo.) kune imwe evhangeri:*

*Isati iri imwe hayo; asi kuti kune vamwe
vanokukanganisai, uye vachida kudzivisa evhangeri
yaKristu, kudzivisa Evhangeri chaiyo yaKristu.*

²¹³ Asi tarirai. Zvino, rangarirai, aiva Pauro akagombedzera munhu wese akange asina kumbobhabhatidzwa nemuZita raJesu Kristu, kuti auye abhabhatidzwe zvakare nemuZita raJesu Kristu. Vangani vanoziva kuti ichokwadi? Vangani vanoziva kuti ndiPauro akati zvakananzika izvi zvaiva zvakananzwa kubvira pamavambo enyika, uye zvakananzwa zvazarurwa kwaari, kuti isu taiva takafanotemerwa kuti tive vanakomana, uye, kusvika mukugadzwa. Aiva Pauro. Tarisai pano pane zvaakataura.

*Asi kunyangwe isu, kana mutumwa anobva kudenga,
akakuparidzirai imwe evhangeri kwamuri inopesana
neyatakakuparidzirai isu, ngaave wakatukwa.*

²¹⁴ Usangoti, “Handiwirirane nemi, changamire.” Ingomurega ave akatukwa. Regai ndiverenge ndima inotevera.

*Sezvatakamboreva kare, zvino ndinorevazve zvakare,
Kana kuno munhu anokuparidzirai imwe evhangeri
inopesana naiyo yatakagamuchira kare, ngaave
wakatukwa.*

²¹⁵ Ndizvozvwo chaizvo. Zvino, hama, hanzvadzi, kana aive ari Mwari pane zuva riya, uye ndi—ndinozvitauro ndichitarisira kuti handisi kusaremekedza, akanditora kuti ndione iyi diki... Zvino, ndinoita manyawi; handifungidziri kuti ndinoita manyawi, ndinongoropafadzwa mukuparidza. Ndinokanganwa zvandiri zvino ndinokuchengetai pano kusvikira ndaziva kuti mave kubatwa nehope nekuneta. Asi, oo, ini... Dai imi—dai imi maikwanisa kuziva kuti ndiri kuda zvakanadiri kuti munge muri mhiri uko! Maona? Uye kana ini, pandinotaura izvi zvakare, apo ini... apo Akati... Ndikati, “Zvaizoita...”

Iye akati, “Ungade here kuona kuti magumo akaita sei?”

²¹⁶ Ndakatarisa shure ndikazviona ndakarara ipapo pamubhedha. Zvirokwazvo mandiziva kwenguva yakareba zvakakwana zvokuti muzive kuti—kuti—kuti ndinokuudzai Chokwadi. Ndinoka kukubvunzai chimwe chinhu, sekutaura kwakaita Samueri vasati vazodza Sauro, ndakambobvira ndakuudzai here chero chinhu nemuZita raJehovha kunze kwechakange chiri chechokwadi? Ndizvo here? Zvagara zviri zvechokwadi. Ndakambobvira ndauya ndikakukumbirai mari here kana chimwe chinhu chakadaro? Kwete, munooona, handisati ndambodaro. Ndakambobvira ndaita here chero chinhu asi kuedza nepandinogonesesa napo kukutungamirirai kuna Kristu? Ndizvozvo chaizvo.

²¹⁷ Zvino vanoda kutaura kuti ndiri nyanzvi yekuverenga pfungwa, munoziva, kana muoni anoshandisa pfungwa yemhando yepamusoro-soro. Ndizvozvo, zvinhu zvakadaro zvinofanira kusimuka, Bhaibheri rakati vachasimuka. SaJambre naJani vakapikisa Mosesi, vakaita potse zvinhu zvimwe chete sezvakaitwa naMosesi, kusvikira zvazosvika pamangange. Ndizvozvo. Asi rangarirai, Jambure naJane havaikwanisa kupodza. Havaikwanisa kupodza. Vaikwanisa kuunza matenda, asi kwete kuabvisa. Maona? Zvakanaka. Zvino, Mwari ndiye Mupodzi. Shoko raMwari rinogara riri Chokwadi.

²¹⁸ Ndaedza kuva ndakatendeka kwamuri. Ndakaedza kukuudzai Chokwadi. Ndaka—ndaka...kwemakore angaita makumi matatu nerimwe chete, ndakamira papurupiti ino, ndichienda ndichidzoka, kwemakore makumi matatu nerimwe chete, uye rimwe ramazuva ndinogona kubva ndichienda muKubwinya ndichisiya purupiti ino. Kwave nemudzimai, mwanasikana, baba, munin'ina, vose vakavigwa pamhiri apo, shamwari dzakakosha. Ndakatarisa mabhokisi avo namaruva akagadzikwa pano. Uye ndinoziva kuti nerimwe zuva nerangu richavapowo, zvakare. Zvino, ichocho ichokwadi. Asi mukuperera, kunobva pamwoyo wangu wose, ndinokuudzai nemwoyo wangu wose, ndinotenda kuti ndakakuparidzirai Vhangeri rechokwadi raIshe Jesu Kristu. Ndinotenda kuti munofanira kubhabhatidzwa, mumwe nemumwe wenyu, nemuZita raJesu Kristu, uye mogamuchira rubhabhatidzo rweMweya Mutsvene. Uye chero apo pauchadaro, zvichakuunzira mufaro, rugare, mwoyo murefu, hunaku, kunyorova, hunyoro, kutsungirira, kutenda.

²¹⁹ Uye rimwe zuva, zvakaitika kwandiri mangwanani iwayo, handizivi. Handisati ndakwanisa kutaura kana ndaiva pano mumutumbi wangu zvino ndokungoona chiratidzo, kana kuti ndakabviswa pano, ndichienda ikoko. Handizivi, handikwanisi kutaura. Chinhu chega chandinoziva, ndechekuti ini—ini ndaigara ndichitya kufa, kanzvimbo kaya kadiki

kerumborera. Asi ndisingatyi kuti Jesu haaizouya kuti anditore, zvino, ndakange ndisingatyi izvozvo, nokuti nda—ndakange ndisingatyi izvozvo; asi kuti dai ndaizosangana newe uchingova kamhute kari kupepereka nemumhepo. Asi ndave kunzwisisa zvino. Apo pandakaona vanhu ivavo, vakange vari vemazvirokwazvo. Uye vakange vari vanhu vakambowadzana neni pano panyika, kunyange mudzimai wangu wekutanga. Akange asisiri mudzimai wangu, akange ave hanzvadzi yangu. Haana kumbobvira anditi murume wake, akanditi hanzvadzi yake inodikanwa. Kwakange kusina kusangana kwemurume nemudzimai, hakuna manzwiro emhando iyoyo, hazvaigona kudaro; kwainge kwakakwana, kwainge kuchitapira, kwainge kwakanyatsokwana.

Ndiri kufungidzira, handizivi, ndiri kufungidzira: Ndizvo here iye zvaakaona, asati abva panyika, paakange ari uko muchipatara, pandakamudana? Zvino iye akati, “Billy, wakazviparidza, wakataura pamusoro pazvo, asi,” akati, “hauzivi zvazviri.” Akati, “Handichisina chido chekunge ndichagara.”

²²⁰ Handizivi kana zviru izvo zvazvakaita, nemurume uya mutana aiva nohumwari, aiva mutsvene F. F. Bosworth, vakamira papurupiti ino, vakaparidza pamwe chete neni munzvimbo dzakasiyana-siyana dzepasi rose. Mutana F. F. Bosworth, imi mose, potse, maivaziva; murume mutana mutsvene, aiva nohumwari. Maawa maviri vasati, zvakanaka, kunge svondo rimwe chete kana maviri vasati vaenda, ndakaenda kwavaiva zvino havo vainge vakarara seri uko, vadarika, vave pedyo-pedyo nemakore makumi mapfumbamwe ekuberekwa. Maoko avo madiki akwegura akatambanudza, musoro wavo muduku une mhanza uye nendebvu dziya dzainge dzachena kumeso kwavo. Ndakambundira mutana uyu zvakasimba mumaoko angu ndikadanidzira, “Baba vangu, baba vangu, ngoro dzeIsraeri nevasvi vadzo vemabhiza.”

Nokuti kana kwakambova nemurume akambobvira amiririra Pentekosti nekuva muapostora wechokwadi, aiva F. F. Bosworth, Evhangeri yakachena, yakatwasuka, yemazvirokwazvo, munoona, aiva vaBosworth. Zvino pandakavabata mumaoko angu, ndikadanidzira, “Baba vangu, baba vangu, ngoro dzeIsraeri nevasvi vadzo vamabhiza.”

²²¹ Vakati, “Mwanakomana, gara mumunda wekuvhangeri.” Vakati, “Fanotangira vamwe vakomana vechidiki ava kuminda yekuvhangeri yenyika dziri kunze, kana ukakwanisa, vasati vaunza zvekungopengereka zvakananda ikoko. Vaendesere Evhangeri yemazvirokwazvo iyo yaunayo, mwanakomana.” Ndokuti, “Shumiro yako haisati yatombotanga pane zvaichazova.” Vakati, “Uri Branham mutsva chaiye.” Vakati, “Uri wechidiki, mwanakomana.”

Ndakati, “Hama Bosworth, ndave nemakore makumi mana nemasere ekuberekwa.”

²²² Ivo vakati, “Hausati watombotanga.” Vakati, “Usatendere vaparidzi ava vechidiki vechiPentekosti vaende ikoko nezvisina maturo zvakawanda, vachiisa chepfu kuzvinhu izvi, nekuita kuti vese va—vamiririri vedzinyika pamwe nenyika yose vafanopesana naRo iwe usati waendako.” Vakati, “Fambirai mberi, Hama Branham, enderera mberi neEvhangeri yauinayo.” Vakati, “Ini—ini ndinotenda kuti uri muapostora, kana muporofita waIshe Mwari wedu.”

²²³ Ndakavatarisa, ndikavambundira mumawoko angu. Ndikati, “Hama Bosworth, ndinoda kukubvunzai mubvunzo. Ndeipi yakava nguva yenyu yamakafarisisa . . . nguva yenyu . . . yemakore enyu ese amakaparidza?”

Vakati, “Ndeiko zvino, Hama Branham.”

Ndikati, “Munoziva here kuti muri kufa?”

Vakati, “Handikwanise kufa.”

Ndikati, “Chii . . . Sei muchiti ino ndiyo nguva yenyu yamuri kufarisisa?”

²²⁴ Pakange paine kamukova kadiki. Vakati, “Ndakarara pano nechiso changu chakatarisa kumukova uyo. Chero nguva ipi zvayo, Uyo wandakada, uye neUyo wandakaparidza nekumiririra, ese aya . . . hupenyu hwangu, Achauya pamusuwo yu kuzonditora, zvino ini ndichaenda naYe.” Ndakavatarisa, ndikafunga kuti, nda—ndaitarisa zvimwe chete sezvandaigona kuita kuna Abrahamu, Isaka, kana Jakobho.

²²⁵ Ndakatora ruoko rwavo, ndikati, “Hama Bosworth, isu tiri vaviri tinotenda Mwari mumwe chete, tinotenda chinhu chimwe chete. Nyenya dzaMwari ndichaparidza kusvikira mweya wekufema wekupedzisira wasiya mutumbi wangu. Ndichagara ndakatendeka kuna Mwari semaziviro andinoita ekuti ndigare. Handisi kuzorerutsa paEvhangeri kune divi ripi zvaro kana nzvimbo ipi zvayo. Ndichagara ndakatendeka semaziviro andingaite ekuti ndigare. Hama Bosworth, ndichasangana nemi muNyika iri nani uko kwamuchange musiri mudiki . . . kana kuti muchisiri mutana zvachose, asi muhujaya.”

²²⁶ Vakati, “Muchange muriko, Hama Branham, musashushikane.”

²²⁷ Uye awa imwe chete vasati, maawa maviri vasati vafa . . . ingaite mwedzi miviri yakazotevera, ndakafunga kuti vainge vave kutofa ipapo, mudzimai wangu akaenda kunovaona (ivo vaigara vachifunga zvakanyanya pamusoro pemudzimai wangu), uyewozve naMai Bosworth. Zvino kwemaawa angaite maviri vakange vakarara, vavete. Vakasimuka, vakatarisa, zvino vakasvetuka kubva pamubhedha wavo. Vakati, “Amai, ko, ndave nemakore ndisati ndakuonai! Baba! Hama Jim, ko,”

vakati, “regai ndione, waiva mumwe wevandakatendeutsa kunaShe, paJoliet, Illinois.” Vakange vafa kwemakore makumi mashanu. Maona? Hongu! Vakati, “Ndimi Hanzvadzi *Nhingi-nhingi*. Hongu, ndakakutungamirai kunaShe pa—pamusangano wepaWinnipeg. Ehe. Ko nhai, havano Hanzvadzi *Nhingi-nhingi*. Ndagara ndisati ndakuonai... Ehe, munoono, makauya kunaShe *pakati-pakati*.” Uye kwemaawa maviri azere vakakwazisana maoko neavo vavakange vatungamirira kunaShe. Ndokufamba vachidzokera panzvimbo yavo, zvino ndokurara pasi, vakapesanisa maoko avo, zvino ndipo pavakashaya. Ko Hama F. F. Bosworth vakapinda here muNyika iyo Jesu akanditendera kuti ndiionewo humwe husiku? Kana zviriro izvo, variko vari mujaya husiku huno. Mwari azorodze mweya wavo. Uye dai ndararama ndakatendeka kwazvo kuti ndigopinda muNyika iyoyo. Uye dai ndave mu—muranda wechokwadi kwazvo kuna Kristu!

²²⁸ Ndinonyara nohupenyu hwangu. Ndinonyara. Ini—ini—ini... Kana ndakatadza pamberi penyu imi vanhu, mu—mune mungava kwandiri kuti muuye mudiudze. Maona? Ndinoedza kurarama zvakatwasuka pane zvese Mwari zvaanoniditendera kuti ndiite nyenyasha dzaKe. Maona? Maona? Asi, tarisai, shamwari, mune mungava kwandiri kana muchiziva chero chinhu chakatsveyama nohupenyu hwangu, huyai mudiudze kudaro. Zvino, tarirai, ndine mungava wangu kwamuri kuti ndimire pano ndokuparidzirai Evhangeri yechokwadi. Mungava wangu kwamuri, nekuti ndiri kutarisira kuona zviso zvemumwe nemumwe wenyu, varume nemadzimai vechidiki, mhiri kwemuganhu uri uko. Panongova nekufema kamwe chete pakati pepamuri iko zvino nemhiri uko. Zvino, ndizvozvo chaizvo. Iriko ikoko.

²²⁹ Zvino dai Mwari wenyasha dzose, Mwari weKudenga, kwete mukusaremekedza, asi mukuremekedza, “Papa,” pazuva guru iro patichaunzwa zvekare pano uye tova nemitumbi yedu yepanyika zvakare, kuti tigokwanisa kunwa, uye todaya mazambiringa nemichero yenyika. “Vachavaka dzimba uye hakuna mumwe anozoigara. Vachadyara mizambiringa uye hakuna mumwe anozaadya.” Maona? Murume mumwe chete akadyara muzambiringa, mwanakomana wake aizoutora, uyezve mwanakomana wake outorawo, uye newakewo. Asi kwete pane uyu; achazouyara zvino obva agarapo. Munoono, ndizvozvo. Tichange tiriko nekusingaperi. Uye dai, muNyika iyoyo, dai ndikaona mumwe nemumwe wenyu.

²³⁰ Uye ndinoziva kuti ndiri kutura muno kunyangwe kuvashumiri vetiriniti. Uye, hama dzangu, handitauri izvi—handitauri izvi kuti ndirwadzise. Ndiriwo wetiriniti, zvakare, ndinotenda mune tiriniti, hunhu hwaMwari hutatu (Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene), asi kwete vanaMwari vatatu. Maona? Ndinotenda kuti pane hunhu hutatu,

zvirokwazvo, ndinodaro nemwoyo wangu wose, “Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene,” asi havasi vanaMwari vatatu. Hunongova hutatu hun-...kana kuti mahofisi matatu aMwari. Mwari akamborarama kamwe muhuBaba, muhuMwanakomana, uye zvino muMweya Mutsvene. NdiMwari mumwe chete ari mumahofisi matatu. Zvino ivo vane...

²³¹ Zvino Baba, Mwanakomana, neMweya Mutsvene, harisi Zita raMwari. Mwari ane Zita rimwe chete, uye Zita raKe ndiJesu. Bhaibheri rakati, “Mhuri iri Kudenga inodaidzwa kuti Jesu, Uye mhuri iri panyika inodaidzwa kuti Jesu.” Ndizvozvo chaizvo. Saka Mwari aiva neZita rimwe chete, Zita remunhu. Aiva...Aiva nezita rainzi Jehovha-jire, Jehovha-rafa, ndiwo aiva madunhurirwa aKe ohuMwari. Asi Aiva neZita rimwe chete, Jesu! Uye ndiYe.

²³² Uye chokwadi, hama dzangu, kana musingawirirane neni, rangarirai, ndi—ndi—ndichasangana nemi mhiri uko, zvakadaro. Maona? Ndicha—ndichange ndiriko pamwe chete nemi. Uye Mwari akuropafadzei. Uye ndinokudai.

²³³ Uye ndinoda kuti chechi irangarire zvino, mangwanani eSvondo tichange tichisimudzira kubva pano uye ndichaedza kuti ndisakuchengetei kupfuurira nguva dza two o'clock, kuti tigokwanisa kuva nemusangano wemasikati, kana tiri tazvikwanisa, uye kana ndikaita zvakare sezvandaita husiku huno, ten-thirty. Munondiregererawo here? Shamwari dzangu, hatichisina nguva yakareba yasara, mudiwa. Ndi—ndinokudaidzai kuti “mudiwa” nekuti ndizvo zvamuri. Mu—muri vadiwa vangu. Munozivei? Regai...Herino Gwaro rauya. Pauro wakati, “Ndine godo pamusoro penyu (Chechi yaKe) negodo rehumwari, nekuti ndakakuwanisai.” Hezvoka izvo, vazvibata. Ndizvozvo. “Nekuti ndinokuwanisai, kukubatanidzai naKristu, semhandara yakachena.”

²³⁴ Zvino, kana izvozvo zvaiva chokwadi ipapo nezuva iroro, akati...Vaya, vanhu vakati kwandiri, vakati, “Jesu achauya kwamuri, uye imi muchatiendeswa kwaAri,” mhandara yakachena. “Muchatongwa neShoko ramakavaparidzira.” Zvino, tarirai, zvino kana ndakakuparidzirai izvo chaizvo zvakaparidzwa naPauro kuchechei yake, kana boka rake rikapinda redu richapindawo zvakare, nekuti tine chinhu chimwe chete. Amenii.

Ngatikotamisei misoro yedu iko zvino apo patinenge tichiti, “Mwari vakuropafadzei.” Zvino...?...mufudzi wedu anokosha anodikanwa, Hama Neville.



KUGADZWA 2 SHO60-0518
(Adoption 2)

MHARIDZO DZAKATEVEDZANA DZEKUGADZWA

Mharidzo iyi neHama William Marrion Branham, yakaparidzwa kwokutanga neChirungu Chitatu manheru, 18 Chivabvu, 1960, paBranham Tabhenakeri muJeffersonville, Indiana, U.S.A., yakazotorwa kubva patepi yakarhekodwa ndokuzodhindhwa muChirungu pasina chakamurwa. Kuturikirwa uku muchiShona kwakazodhindhwa nokugoverwa neve Voice Of God Recordings.

SHONA

©2019 VGR, ALL RIGHTS RESERVED

VOICE OF GOD RECORDINGS, ZIMBABWE OFFICE
8 ST. ANNES ROAD, AVONDALE, HARARE, ZIMBABWE

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org

Chiziviso chekodzero

Kodzero dzose dzakachengetedzwa. Bhuku iri rinokwanisa kudhindhwa papirinda yekumba kuti ushandise uri iwe pachako kana kugovera kunze, usingatengesi, semudziyo wekuparadzira Evhangeri ya Jesu Kristu. Bhuku iri harigoni kutengeswa, kudhindhwa akawanda, kuiswa pawebhusaiti, kana kuwana mumuchina waringachengeterwa, kuturikirwa mune mimwe mitauro, kana kushandiswa kukumbira mari pasina mvumo yakanyorwa neveku Voice Of God Recordings®.

Kuwana umwe umboo kana zvimwewo zviripo zvingawanikwa, tapota nyorerai:

VOICE OF GOD RECORDINGS
P.O. Box 950, JEFFERSONVILLE, INDIANA 47131 U.S.A.
www.branham.org